

872

E 48

~~872~~  
~~E69~~

RIJKSUNIVERSITEIT LEIDEN



0806 9044

872  
E18





# DONGENG-DONGGEN

## PIEUNTEUNGEUN,

DI KARANG KOE

872  
F 69

RADEN HADJI MOEHAMAD MOESA,



HOOFD-PANGHOELOE KABOPATEN

LIMBANGAN.



DI TJITAKNA DI KANTOR TJITAK

KANGDJĘNG GOEPERNĘMEN

DINA TAHON

1888.



# DONGENG-DONGENG PIEUNTEUNGEUN.

I.

POEPOEH SINOM.

**I**jeu teh anoe dikarang, dongeng-dongeng baris misil, tjrita baris ibarat, beunang leukeun koela noekil, asalna noe disalin, basa Djawa beunang ngatoer, ari asalna pisan, dongeng beunang noekil deui, tina boekoe Walanda disalin Djawa.

Toewan Winter djoeroe-basa, djénéngannana noe nganggit, mindahkeun ka basa Djawa, ajeuna disalin deui, disoendakeun sakali, koe kawoela oerang Garoet, ari anoe dipalar, oerang Soenda tambah radjin, reja tjrita baris eunteung kalakoean.

Dina djéro ijeu kitab, reja tjonto noe geus boekti, boekti kadjadijannana, noe hade goreng kapanggih, djeung reja baris misil, dongeng sato beunang ngatoer, oelah rek salah paham, koedoe misilkeun ka diri, oelah pisan salah tampa sahinasna.

Lamoen dipikir salantjar, meureun diséboet moestahil, sato bisa tjara djalma, nja eta lain teh teuing, ngan njijeun baris misil, keur njoeroepkeun kana lakoe, ngoepamakeun ka awak, nanding-nanding kana diri, gagal pisan lamoen disalahkeun larap.

Ngan djadi pěta oepama, sato-sato noe digoerit, bisa ngomong tjara djalma, geus tangtoe kitoe teh teuing, djeung tjara eta deui, dongeng-dongeng noe diséboet, keur pieunteungeun teja, nilik dirina pribadi, naon-naon lampali salah kanjahoan.

Lamoen ēnggeus kanjahoan, leungitkeun atawa salin, djeung deui leuwih ngeunahna, njaho salahna pribadi, tina ēnggeus kaboekti, kasorang koe lampah batoer, nja eta dina tjrita, ingētkeun diri pribadi, tangtoe ngeunah batan kapanggih koe kantja.

Lamoen kasalahān oerang, hanteu kapikir pribadi, kanjahoan koe noe lijan, diséboetkeun djeung digeuing, tangtoe ngarasa isin, koe sabab eta sakitoe, sēdja djasad-kawoela, ijeu dongeng misil-misil, djadi eunteung keur ngeunteungan lakoelampah.

Aja tjatoer pari-basa, leuwih kaoentoengan diri, meunang tjonto ti noe lijan, lain ti diri pribadi, oepama djalan roegi, noe geus kasorang koe batoer, eta leuwih hadena, batan kasorang pribadi, bisa jatna noelak karoegijan eta.

Sangēt panēda kawoela, ka Goesti raboel alamin, ijeu teh djadi manpaät, keur watjaeun moerangkalih, soepaja djadi lantip, ahirna manggih rahajoe, anoe kagoengan poetra, oelah rek koerang pamērdih, ka poetrana sing matja ijeu tjarita.

Malaoer djeung matja tjrita, anoe bohong taja hasil, matak bae kasamaran, manahna maroerangkalih, maroekan ēnja boekti, noe diséboet sakti wēdoek, boga pikir noeroetan, hajang wēdoek reudjeung sakti, anoe kitoe eta kasasar pikirna.

Nja ete lantarannana, tina asal moerangkalih, rēsep matja reudjeung nanggap, tjarita anoe soemakti, hanteu dipikir deui, diandēl sapokna kitoe, kawoela lain njawad, ka djalma noe rēsep ngadji, tjrita Rama djeung lalakon Angling-darma.

Eta hade pisan watja, baris ngaboeboengah ati, dina wak-toe ráramean, djeung deui keur moerangkalih, diadjar basa kawi, atawa soeroepan sēmoe, keur djadi mamanisna, tapi oelah woengkoel teuing, manis bae taja pihasileunnana.

Oepama lalab-lalaban, ēnja matak mawa sari, mawa ngeunah kana dahar, tapi eta hanteu wadjib, teu njēgérkeun ka diri, lamoen lalab tinggal sangoe, hanteu toelöes ngeunahna, tjarita nja kitoe deui, ijeu dongeng nja eta misil sangoena.

Ijeu dongeng hanteu pandjang, pondok oge tapi hasil, sababua djadi ibarat, ngibaratkeun kana diri, pihatoer noe ngagoerit, moegi aja tjoekoep loemoer, sadaja anoe matja, mana koela koemawani, noekil boekoe disalin koe basa Soenda.

Teu nijat pipintéranan, ngan tina koe atoh pikir, ngiring kërsa noe kawasa, Goepérnëmen anoe adil, kërsa ngabangoen deui, basa Soenda noe kalipoet, tanda jen kalipoetan, boektina di Soenda sëpi, hanteu aja boekoe woengkoel basa Soenda.

Reja make doewa basa, nja eta salali-sahidji, Malajoe atawa Djawa, nja bénér hade teh teuing, kaäsoep djalma radjin, ngarti Djawa djeung Malajoe, tatapi oelah tinggal, basa asal nini-aki, mangka natrat basa asal toetoeroenan.

Kawoela soekoor ka Allah, goesti anoe sipat rahim, sareh kërsa noe kawasa, Soenda dihoedangkeun deui, oepama anoe gëring, ajeuna eukeur mamajoe, ngan tatjan tjageur pisan, manawa sakeudeung deui, moega-moega sing toeloej djagdjag waringkas.

Anoe matak basa Soenda, disëboetkeun hoedang gëring, tapi tatjan djagdjag pisan, boektina tatjan walagri, basana tatjan bersih, tjampoer Djawa djeung Malajoe, soemawon basa Arab, eta noe reja teh teuing, malah aja noe ènggeus leungit djinisna.

Koela lain pisan ngoepat, geus karasa koe pribadi, poegoeh koela oerang Soenda, tatapi hese teh teuing, noelis soepaja bersih, masing basa Soenda woengkoel, tatapi tatjan bisa, sangkilang diati-ati, koedoe bae aja basa noe njampoeran.

Djeung tambah soesah misahna, dina prakara sahidji, kapake koe reja basa, Soenda Malajoe sadjinis, Djawa nja kitoe

deui, oerang mindēng soesah njēboet, basa māna djinisna, koedoe koe noe leuwih ngarti, djeung noe njaho di reja-rejana basa.

Soegañ leukeun lalaoenan, dikeureujeuh mēngke bērsih, kapanggih asalna pisan, ana diotjek dioelik, lamoen hanteu dipikir, lila-lila ge kalipoet, kalipoetan asalna, noe matak kawoela moedji, atoh pisan ka kērsa anoe kawasa.

Eta dongeng anoe reja, teu dianggit make dangding, ngan make pada kalimah, lain soesah njijeun dangding, ngan eta leuwih hasil, tara kasēdēk koe lagoe, tjarita bisa kēbat, tara katarik koe dangding, didangoena ngeunah gampang kahartina.



## 1.

## MANOEK GAROEDA DJEUNG GAGAK.

**A**ja garoeda tarik pisan panjambérna anak émbe, dirang-geum toeloej bae dibawa ngapoeng. Dina mangsa harita aja manoek gagak njahoeun, kabitaeun pisan njeueung tingkahna garoeda teja, pikirna gagakteh: Naha kami lamoen noeroetan tjara kitoe, mowal katoeroetan? Ari geus ngomong kitoe, gagak teh nendjo émbe badot, gagak hibér moeloek pisan, ari ti loehoer monteng ka handap tjara garoeda, gëproek gagak teh njambér kana émbe badot sarta dirang-geum. Barëng rek dibawa hibér, soekoena kapoekét koe boeloe soesoeri émbe; geus teu bisa hibér, kaboro koe noe ngangon, gantjang gagak teh ditjékél diteukteukan djangdjangna, toeloej dibikeun ka anakna, dipake karësépan boedak. Tjarek anakna noe hidji: Bapa eta manoek naon? Tjarek bapana: Ijeu manoek teh hajangeun bisa noeroetan garoeda, tapi saäjeuna tetela jen manoek gagak.

Hartina: oelah wani-wani ngorang sagala kalakoean, noe teu pikadjoengdjoengeun koe awak maneh atawa koe tanaga maneh, sabab taja noe pinoeloengeun katiwasan djeung wiwirang maneh kadjabo boedi maneh, noe koedoe ngira-ngira ngoekoer ka koedjoer nimbang ka awak.

---

## 2.

## RAMBETOEK DJEUNG SINGA BARONG.

**D**ina hidji powe aja singa-barong hidji, katjida ambékna, loeloempatan bari asoep bidjil tina leuweung, barina ngagéro séségor, sato-sato pada giras sijeuneun. Kadenge koe rambëtoek, garetekeun katjida ka singa-barong, rambëtoek

ngomong: Matak ngewa teuing koe singa-barong , tjatjakan kami lamoen pérang dimana bae kapanggihna , wani bae diadoe pérang tandingan djeung singa-barong . Singa-barong ngomong barina seuri sarta ngahina , pokna : Montong njaploek sija rambétoek ! Gantjang bae hibér , toeloej asoep kana lijang , iroeng singa-barong , bari njotjoan didjero iroeng ; singa-barong teh ambék katjida bari njakaran hoeloena bae , datang ka rawek , raraheut , baloboran , gétihan ; ari geus karasa njéri , singa-barong tobat , bari ngakoe jen eleh .

Rambétoek teh boengah katjida tina sabab meunang pérang-na , bidjal tina iroeng singa-barong , toeloej hibér ; karépna rek oewar-oewar ngabedjakeun meunang pérangna djeung singa-barong , samalah pikarépeunnana sato-sato oge rek dibedjaän kabeh , tatapi bawaning roesoh teuing hibérna , rambétoek teh naradjang rambat lantjah , geus teu bisa oesik , bakal manggih paeh didinja . Rambétoek meunang soekér katjida , ari bijeu pérang djeung singa-barong , lain tanding , bisa meunang pérangna .

Hartina ijeu dongeng : djélëma koemaki matak tereh meunang tjilaka , sërtा maneh lamoen meunang padoe atawa gëloet , oelah sok soesoembar teuing , masing ingët mangke dihareup aja noe malës , tjara rambétoek tiwas koe ramat tatåheunan lantjah .

### 8.

#### MANOEK TITIRAN DJEUNG NJIROEAN.

**A**ja njiroean kasaätan , rek nginoem kana pantjoeran , tisorodot , këtjëmploeng titeuleum , meh paeh ; doemadakan aja titiran keur eunteup , neundjo njiroean titeuleum , karoenjæun titiran teh , ngageuwat mëtik dangdaoenan , diragragkeun kana tjai ; njiroewan teh ngarajap kana dangdaoenan , teu toeoles manggihna pati .

Teu pati lawas eta titiran rek dipanah koe paninggaran; baréng keur diketjeng panahna, titiran tea mah teu njahoeun rek dipanah, tatapi njiroean hanteu samar kana manoek noe noelocngan njait manehna basa tikoentjloeng, gantjang njiroean hibér tjara angin, ngadjodjo bitisna noe rek manah manoek teja; tjélétet bae diseureud paninggaran teh, ngagoe-roebog teu toeloes manah manoek teh. Titiran hibér lesot tina balai, noe bakal djadi katiwasan manehna.

Hartina ijeu dongeng: hanteu dipentaän toeloeng oge, lamoen daek toetoeloeng ka noe lijan, nja maneh bakal ditoeloengan deui.

#### 4.

##### MOEMOELE PARE.

 ja boedak lalaki doewa, anak noe tatanen, aroelin di sawah bapana; boedak noe hidji ngomong: Itoe pare geura tendjo, noe geus toengkoel djeung noe tanggah keneh, noe keur toengkoel sémoe aloem, hanteu hoerip tjara noe keur tanggah keneh!

Boedak noe hidji deui ngomong: Kolot teja bae kitoe, tjoba dewek djadi bapa, eta pare noe toengkoel teh di raboetan bae dipitjeunan kabeh, tinggalkeun noe tanggah keneh.

Bapana ngadenge boedak keur ngaromong, tjarek bapana: Beu, hade pisan pirëmpoeg maneh noe kadenge koe aing, eta, lamoen maneh teu njaho, eta goreng pamoeule maneh, teu njaho di anoe hade; pare noe teu dipikarésép koe maneh, nja eta pare noe hade; noe matak toengkoel bawaning béranteun koe bejas, ari noe taranggah eta gaboeg kabeh; mangka waspada anak aing kabeh, adat waték djélëma nja tjara pétaning tandoeran aing pare; djélëma taja kanjaho, angkeuhna rek ngoengkoelan ka noe boga pangabisa.

## 5.

## OETJING DJEUNG TITIRAN.

**A**ja titiran ngopenan kalakoean oetjing, oenggal-oenggal powe anakna sok dipindah-pindah, tjek titiran teh: Oetjing, maneh naha reja teuing akal, ngarah kasalamētan anak teh, oelah datang ka dinjēnjeri koe satroe, saha noe mapatahan ati-ati kitoe?

Oetjing ngawangsoel: Kanjaho sorangan bae, taja noe mapatahan; balikan maneh, saingēt kami, teu kapanggih mindah-mindah anak, noe matak rēmēn sok di tjokot koe djēlēma djeung koe kami.

Hartina ijeu dongeng: djalanan jatna koedoe ngawaskeun kasalahan anoe sedjen, eta ngaran kapintēran, noe hade noe goreng beunang dipake tjonto.

---

## 6.

## BEURIT DJEUNG LANDAK.

**K**eur oesoem tiris aja landak djeung beurit-tjantoeng. Landak boga pamenta ka beurit-tjantoeng, hajang mondok dina lijangna, soepaja bisa njingkahan tiris.

Beurit gantjang bae nitah asoep kana lijangna, tapi landak barēng geus asoep kana ḋenggon beurit, tjitjing bae teu bidjil-bidjil, toeloej ngeunah-ngeunah bae, dēpa dina lijang beurit. Noe boga lijang teh, ngentja-ngatoehoe, koekoerilingan teu bisa asoep, tina heurin kaboberang koe soedji rangsēb, geus teu meunang tjitjing, katjotjog koe boeloe semahna.

Dina mangsa harita beurit-tjantoeng katjida kadoehoengna, roemasa meunang salah, datang ka bidjil omongna ka landak: Ajeuna koela geus teu bētah ngorangan diloewar, ari asoep ka 'djēro heurin, teu asoep diēnggonan koe doewaān, ajeuna sakahang landak geura oendoer, oelah aja di lijang koela.

Landak ngawangsoel bari seuri: Saha noe teu ngeunah dina lijang ijeu, hade maneh bidjil, kami mowal datang ka njingkah, émboeng oendoer tina lijang ijeu, tina manggih kasénangan.

Hartina ijeu dongeng: lamoen maneh rek ngawawoehan djélëma, koedoe dipikir heula bejakkeun, sok reja djélëma manggih kasoesahan, djalan tina koerang pamikir, gantjang njobat.

## 7.

## EMBE LALAKI DJEUNG SAPI LALAKI.

**A** ja émbe badot hidji leuwih bëdas, sasamana émbe atawa doeloerna kabeh taja noe kadoega njangga karosaänna, noe matak djadi édir, rasana geus teu boga lawan, nëpi kabisa nangtang pérang tandingan ka sapi lalaki. Parëng papanggih toloej anggang-anggangan, sëdja rek neunggar; gëprak sapisan neunggarna, émbe roeboeh satëngah paeh, tandoekna rëmoek; sapi lalaki noe meunang pérangna, toloej bae leumpang. Barëng émbe lalaki geus ingët tina kalëngërna, sobatna hidji ngaliwat didinja, nendjo manehna ngadjoprak dina taneuh, toloej ditanja: Keur naon euj ngadjoprak didinja? Wangsoelna: kami hajang njaho di awak sorangan njoba-njoba kabëdasan.

Hartina ijeu dongeng: kalakoean émbe lalaki eta ngaboek-tikeun omong paribasa, djélëma koemaki palatat-polotot samemeh tiwas, ari geus tiwas ngalehleh.

## 8.

## KALDE, MANOEK GAGAK DJEUNG NOE NGANGON.

**K**idji kalde keur njatoean djoekoet di tégäl, ditoempakan koe gagak matjokan babakna.

Kalde teh ngarasa njéri katjida, sabisa-bisa ngarah njing-kahna gagak tina tonggongna, tatapi gagak teh teu daekeun oendoer.

Noe ngangon aja didinja teu djaoeh, tatapi gagak matjokan teh diantép bae, ngan tiba dideukeutan, ngagébah mah teu daek, anggoer seuseurian tjatjalakatakan nendjo polah kalde, dianggép sisiwo bae.

Kalde ngomong: Eh kanjéri kami djadi lipét doewa, tina sabab anoe wadjib noeloengan ka kami anggoer seug bae njeungseurikeun!

Hartina ijeu dongeng: teu aja noe leuwih njéri-ati ngan kadjaba tina ditjatjampah, tatapi saha-saha noe njatjampah, njeungseurikeun ka noe keur njéri, kasoekéran atawa kawirangan, eta pantés dipikangewa koe djélémá hade.

9.

MANOEK KERAK TINGGAL PAROENGPOENG.

**D**ina hidji leuweung aja manoek kerak moeroe paroengpoeng-na, tatapi paroengpoengna diandih koe tjioeng, népi ka éndogan dina paroengpoeng paranti kerak teh. Anak tjioeng baréng keur hoemihid djangdjangna, noe hidji anak tjioeng teh geus teu sabar ngadago oesoem, hajangeun hibér bae, rek bidjil tina paroengpoengna; ditjarek bari dipagahan koe indoeng bápana, tapi teu diestoekeun. Baréng kolot-kolotna keur paréng njaba, anak tjioeng noe hidji bidjil tina paroengpoeng, hibér; sarehning boeloe djangdjangna tatjan pépék, hibérrna teu djaoeh, toeloej ragrag bae kana taneuh, kapanggih koe boedak angon, dipake karésépan oelin; soekoena hidji ditalian koe rara, toeloej disangsara sapowe djépoet. Baréng geus pépék djangdjangna, boga karép rek hibér, ngan soepaja

pageuh ditjangtjang soekoena, maksaa bae hibér satakér tanagan; énja bisa lesot tina tjangtjangannana, tapi soekoena sabeulah deui sempal, tingaleun dina tjangtjangan, geus djadi tjatjad sapandjangna hiroep, sarta djadi gawe doeloer-deloerna noe wélaseun ngingonan, dipérnahkeun dina doengoes.

Hartina ijeu dongeng: oelah karejaän teuing sedja rek mawa maneh, lamoen maneh tatjan katjonggah koe akal, saloepoetna oge manggih tiwas tjilaka sa oemoer-oemoer.

## 10.

### BANGKONG DOEWA.

**K**eur mangsa katiga bangët saat sagala sitoe, bangkongna noe aja dina sitoe eta pada nejangan énggon sedjen. Ngan bangkong doewa, noe manggih hidji soemoer djéro sarta aja keneh taina, ngomong ka batoerna: eh batoer-batoer saäjeuna montong leumpang djaoeh-djaoeh, tah aja soemoer, hajoe pada njémploeng kadjéro soemoer. Wangsoelan batoerna: Gampang njémploeng, tapi koedoe pikir heula, ijeu soemoerna djéro soteh ajeuna, ari mëngkena saat hese bidjilna. Eta doewa bangkong hanteu ngagoegoe ka omong anoe bénér, keur rada pinoeh taina hanteu loentjat, tjitjing di djéro soemoer bae, rasa maneh ngeunah tiis. Hanteu lila, tina bangëting katiga, soemoer teh saat; bangkong noe aja didinja rek bidjil hanteu bisa, tina sabab djéro; toengtoengna paeh garing dina djéro soemoer.

Hartina ijeu dongeng: sagala karép, anoe rek disorang, pikiran heula pidjadiéunmana; oelah ingët teuing kana kangeunahan ajeuna, bisi tjara eta bangkong, tiwas koe kangeunahan saeutik.

## 11.

## TJAREUH DJEUNG TITIRAN.

**A** ja tjareuh keuna koe pitapak, katjida sangsarana, teu aja deui pikir, roemasa jen bakal manggih pati bae.

Aja manoek titiran, pidik atina, njaho jen tjareuh keuna koe tataheunan manoesa. Titiran gantjang hibĕr njampeurkeun indoengna bari poepoelih, tjarekna: Indoeng soekoer bagdjā kamandjangan, satroe oerang bakal ngahareupan pati, soemangga oerang ningali, bari singsijeunan lĕlwang, soepaja katjida rĕwaseunnana!

Wangsoelan indoeng titiran: Emboeng aing rek dibawa kitoe, maneh oge oelah balik deui kaditoe, teu boga kaera, boga omong kitoe, karana hanteu hade moewas-moewas ka noe keur meunang balai, sanadjan ka satroe kaboejoetan oge, kadongdora wani, ngalawan moesoeh sabab keur manggih tjlaka, lamoen aja djalma kitoe, tanda djĕdjĕrih sarta goreng ati.

Hartina dongeng ijeu: djalma oelah moewas-moewas ka noe keur kataradjang balai, sanadjan satroe; soemawonna sobat wadjib ditoeloengan.

## 12.

## MERAK DJEUNG BANGO SAIR.

**B**ina hidji powe aja mĕrak paseja, pasija-sija djeung bango-sair, paăloes-aloes roepa; tjarek mĕrak: Tingkah maneh matak idjid teuing, tjoba salambar boeloe maneh djeung boeloe kami saroewakeun gĕdena djeung roepana djeung gilapna, kira kami tangtoe aloes kami, tetela kaoengkoelan boeloe maneh.

Wangsoelan bango-sair teh: Eta omong maneh bĕnĕr pisan, ngan saprakara djangdjang, noe hade roepa, handjakal koe-

rang gawena; mowal njoesoel kana kaleuwihan kami; masih maneh hade roepa oge. Mérak nanja: Naon kaleuwihan maneh? Bango-sair lemek: Kaleuwihan kami hibér, geura seg soesoel hibér kami masing něpi kana mega.

Geus ngomong kitoe, toeloej hibér, moeloek pisan, mérak tinggaleun sarta isin.

Hartina dongeng ijeu: djélëma oelah sok agoel teuing koe kahadejannana saeutik, bisi kaoengkoelan katjida koe batoer.

### 18.

#### SOBAT.

**A** ja noe sosobatan pada loemakoe babaréngan sarta geus djangdji, lamoen aja bantjang-pakewoeh rek sili toelegen. Baréng keur loemakoe teu koengsi lila papapag djeung baroewang, nja eta hidji sato anoe beuki djélëma. Rek ngédjat, geus deukeut teuing, mowande katjérék, tapi salah doe-wanana, lamoen daek djadi hidji, satingkah sapolah sakarép, meurenn katjonggah ngalawan baroewang; tapi sobat anoe hidji baréng njaho jen baroewang, toeloej bae naek kana kai gëde, noe deukeut kadinja; batoerna noe ditinggalkeun teja, bawaning geus kasélëmpék, teu meunang papan, heg ngalaboeħ-keun maneh, nangkoeban kana taneuh sarta megeg ambékan, krana baroewang eta teu daekeun njatoe babatang. Baroewang njampeurkeun ka anoe laboeh nangkoeban, toeloej diambeuan sarta diletakan soengoetna, tjeulina, toengtoengna los bae ditinggalkeun koe baroewang, teu dikijeu-kijeu, tina teu katara jen hiroep.

Baréng baroewang geus asoep kana leuweung deui sarta geus teu aja balai, noe naek kana kai teja gantjang toeroen, nanja ka batoerna bari seuseurijan loemah-lameh: Eta baroewang teh ngaharewoskeun naon ka maneh?

Wangsoelannan: Kami di wisik woewoeroek ahéng pisan, malah lamoen ti tadina kami njaho jen kitoe pamagahannana, meureun rèsép katjida, mowal sijeun; ari woeroekna teja pokna: maneh oelah daek deui reureudjeungan leumpang djeung sobat noe sok tjidra, hanteu daek sili toeloengan, ngan soepaja salamét manehna bae.

---

## 14.

BAROEDAK LALAKI DJEUNG BANGKONG.

**A** ja baroedak lalaki rada loba keur aroelin, pada doegal-doegal oelin dina sisi sitoe, karéšépannana měntoeran bangkong, noe keur ngambang dina sitoe, loba noe keuna kana hoeloena, bangkong teuleum, baroedak teh soeka seuseurian tingtjarikikik. Aja hidji bangkong lemek: eh baroedak, kalakoean maneh kitoe teh teu dipikir; maneh kabeh nijat oelin soekan-soekan, ari kami sa batoer kabeh ngorang balai gëde.

Hartina ijeu dongeng: taja kalakoean anoe goreng, kadjabu djalma nganteur kasoekana, kadjeun matak teu ngeunah ka deungeun-deugeun.

---

## 15.

MONJET DJEUNG BOEWAH SANINTEN.

**E** idji monjet nimoe boewah sanintén tina djoekoet, boewah sanintén aja keneh koelitna; toeloej digegelan, sëdjana rek dihåkan eusina, tatapi hese dihakanna, bawaning teuas sarta tjoetjoekan tjangkangna.

Aja hidji monjet nendjo kalakoean batoerna ti kaänggan, njeungseurikeun bae ka noe ngokosan sanintén; tjarek monjet anoe nimoe sanintén teh: Oelah katjida teuing maneh

njeungseurikeun ka kami, aing teu samar kana boewah ijeu, ari tjangkangna rada teuas sarta tjoetjoekan, tatapi sikina poelén sémoe amis, asa boewah gajam.

Hartina ijeu dongeng: sagala kabisaän djeung kanjaho mimitina mah hanteu matak rèsép, malah matak hese, tapi lamoen ditéménan, djadi bisa sarta hasil.

## 16.

### GALATIK.

**A** ja toekang mikat manook galatik, djontrotna teu tjitjing-tjitjing, disada bae bari njisilan pare; galatik kentjakatoehoeunnana pirang-pirang noe ngadenge. Gantjang pada njalampeurkeun pamikat. Baréng datang kana pasangan pikat, manook noe loba teh pada ngomong: Reja témén pare didieu, djeung kami pada ditjëloekan njatoe koe kantja, sarta omongna manis, lah hajoe oerang pada moro kaditoe.

Baréng asoepna kana koeroeng pamikatan, saájanq galatik beunang kabeh, sarta bakal manggih pati. Dina mangsa harita, ngan galatik noe hanteu daekeun deukeut, noe hanteu beunang teh. Djontrotna nanja: Saha noe mapatahan pintér ka maneh, sabab teu daek deukeut kadijeu? Wangsoelannana: Bapa kami noe mapatahan; kieu mapatahannana bapa teh: Agoes lamoen maneh dieneng-enengan bagdja gede, noe gampang hasilna, mangka pérjatna, karana alamat hanteu pibageureun."

Hartina ijeu dongeng: djalma masing awas kana pangwoedjoek; ari pangwoedjoek teja, tangtoe manis, tapi mangkena tangtoe kadoehoeng.

## 17.

### MENTJEK DJEUNG TANGKAL AWI.

**A** ja mëntjék diboeboerak koe paninggaran, loempat ngadédëmpes dina dapoeran awi, boeni teu tempong saeutik-

eutik atjan. Noe moroan kaleungitan lari. Měntjék barěng geus roemasa kaloewar tina balai, toeloej njatoean daoen awi, noe mindiñgan awakna teja. Aja keneh hidji noe moroan tadi teja, ninggalkeun maneh dina deukeut kěbon awi. ngadenge krosok-krosok dina awi, sarta njaho jen aja měntjék, gantjang njëloekan batoer, teu koengsi lila měntjék katjékél.

Barěng rek dipaehan měntjék bidjil omongna kijeu: pati kami ijeu rek diangkén pahoekoeman adil, tina kami malës goreng ka noe mihoetangkeun kahadean.

Hartina ijeu dongeng: noe njijeun kahadejan sok manggih wawalës goreng, eta geus loembrah boeboohan alam-doenga, tapi noe tjidra mangke meunang wawalës ti Goesti Allah, noe sipat adil.

## I.

## LANDJAM DOEWA.

**A** ja landjam doewa, sa pandaj, sa wadjana djeung sa ěnggonna digawe; noe hidji diteundeun didjoeroe, meunang sataoen teu dipake-pake, toengtoengna tai-hijangan. Ari geus lawas noe boga ingéteun kana teundeun landjam, gantjang bae ditjokot; landjam tai-hijangan teh heran nendjo batoerna, noe sok dipake oenggal isoek, katendjona awakna aloes sarta gilap, omongna: Kami heran katjida nendjo awak maneh; tadi roepa maneh djeung roepa kami saroewa, naon noe matak herang awak maneh, ari kami ngeunah-ngeunah nganggoer bae, djadi goreng patoet. Wangsoelan noe ditanja: Nja eta panganggoer maneh noe matak djadi goreng roepa teh; ari noe matak hade roepa kami, djalanan diadjar njabak gawe, djadi ngoengkoelan ka maneh.

Hartina ijeu dongeng; djélëma noe sok nganggoer ngahoe-dangkeun nijat goreng, ari pagawejan tangtoe noengtoen kaboengahan sarta kangeunahan.

## 19.

BOEHAJA, MAOENG DJEUNG DJELEMA NGALIWAT.

**A** ja djélémá leumpang ngorang djalán singgét, noe sabéulah ti katoehoe goenoeng loehoer djeung sabéulah ti kentja tjai walóengan gëde, ngaran Logangga. Teu koengsi lila nendjo ma-oeng toeroen ti goenoeng, njampeurkeun rek ngahakan ka manehna; bawaning geus kasélémpek rek ngétjéboer ka tjai, nendjo boehaja keur ngambang; matak djadi soesah katjida, lemekna kijeu: Tégés tjlaka awak kami, sabab dipihapitkeun koe balai noe bakal djadi lantaran pati. Bawaning geus koempoel kasoesahan, toeloej bae ngagédéboegkeun maneh kana taneuh, maoengna gantjang ngarontok ka djélémá noe ngagoler, tapi kalangkah kalépasan, maoengna kétjéboer ka tjai, ditampanan koe boehaja, toeloej dibawa teuleum; djélémá toeloej bae loemakoe teu koengsi meunang balai.

Hartina ijeu dongeng: nadjan maneh kadatangan koe balai gëde, oelah pégat-pégat néneda salamét; ari balai teja teu tangtoe, noe mangka djadi lantaran salamét awak maneh; aja noe siga matak tambah tjlaka, tapi radjeun djadi lantaran salamét.

## 20.

MANOEK GAROEDA DJEUNG KOEJA.

**A** ja koeja boga nijat bisa hibér, rémén ngomong ka manök garoeda, nëda diwoeroekan. Oenggal ngomong ka manoek garoeda tjarek garoeda: Sok ngomong teu patoet djeung teu pantés kana pipatoeteunnana! Bawaning keukeuh noe hajang, keukeuh noe njarek, toengtoengna nja dianteur karépna tina

Dongeng-dongeng pieunteungeun.

2

ngaroedētkeun kana ati batoer. Toeloej koeja diranggeum koe manoek garoeda sarta kēbat dibawa hibēr. Barēng geus nēpi ka loehoer, diragragkeun, kadjadjadiannana njata saomong manoek garoeda, koeja ragrag kana taneuh, awakna rēmoek.

Hartina ijeu dongeng: oelah sok nganijatan noe teu pikala-koneun, karēp kitoe eta bidjilna ti ati takaboer, noe noengtoen kana karoeksakan.

## 21.

SINGA-BARONG DJEUNG EMBE.

**A** ja singa-barong ngadeuleu ēmbe tjitjing dina gawir loehoer, karēpna singa-barong rek njatoe ēmbe, rek ditaekan teu bisaeun, toeloej bae ngomongan manis: Keur naon nja gawe maneh aja didinja? maneh anggoer toeroen kadijkeu, reja djoekoetna djeung roejoek reja noe djaradi, sakoer noe sok dihakan koe maneh.

Embe lemek bari seuri: Ari omong maneh nja aloes pisan, sabab ēnggonna sorangan, tatapi teu ngarah ka salamēt kami, ngan ngarah seubeuh beuteuning maneh bae, malar soepaja kami aja dina ēnggon anoe katjonggah koe maneh, ijeu gawir mowal beunang dioenggahan koe maneh.

Hartina ijeu dongeng: Oelah pērtjaja kana pirēmpoeg djēlēma akal djoeroe-djana; pirēmpoegna ngan ngarah hasil kana awak-na sorangan bae, teu pisan mere hasil ka noe lijan mah.

## 22.

BOEDAK LALAKI DJEUNG KALOEWA TJANGKALENG.

**A** ja noe ngaloewa tjangkaleng diwadahan koe gotji, lijang-na rada leutik. Anakna noe lalaki katjida hajangeun

kaloewa tjangkaleng, bapana nitah njokot saeutik, boedak lalaki toeloej ngodok kana gotji njokot sakeupeul, tapi leungeunna teu beunang dipaoet, ditarik-tarik pageuh bae, toengtoengna boedak teh tjeurik. Tjarek bapana: Noe matak maneh tjeurik teh kagorengan maneh, karép maneh njokot teh hajang reja sakali, tjoba lamoen njokot saeutik-saeutik mah, mangka mindéng, djadi sakarép maneh: pikarépeun hanteu djeung kira-kira sok tara djadi, asoep kana paribasa: gëde teuing tjanggeum; kalakoean eta hade noe leukeun ngeureujeuh, madjoe lalaoenan, soepaja oelah ngarandëg.

## 23.

HAJAM DJAGO DJEUNG NOE BOGA.

**A** ja sahidji hajam djago lemek bëdas, moedji gëde wanenna, geus poegoeh kasep roepana, sarta dikawoelaän dipikasijeun koe bikang-bikangna. Noe boga nangtoengan aja didinja teu pati djaoeh, seuseurian ngadenge hajam moedji maneh, katampana koe djago diéra-era, toeloej nanjakeun djago teh: Djoeragan sabab koemaha noe mangka sampejan ngagoemoedjéngkeun omong kawoela, naha kawoela teh bo-hong? Djoeragannana ngawangsoel: Lain kitoe, bisi aja noe teu ngandël kana omong maneh, tina lalampahan anoe hade eta, loembrah dipoedjina koe noe sedjen, lamoen dipoëdji koe maneh, koerang antëbna; tjeuk paribasa teh: „goëng nabeuh maneh.”

## 24.

PEUTJANG DJEUNG BANGKONG.

**A** ja peutjang keur ngarijoeng reja pisan batoer, gawena keur mirëmpoeg përkara karisina, teu pëtot-pëtot manggih kasoesah sok diojak-ojak koe andjing. Noe hidji ngomong

pokna: He batoer-batoer kabeh, koemaha pedah oerang teu pětot-pětot manggih kasoekér, diojak-ejak koe satroe oerang, noe taja pisan rasrasannana karoenna, oerang kabeh geus diangkén teuteundeunannana bae, wěnang dihakan sakarép-karépna; ari pirémpoeg koela, leuwih hade oerang baréng paeh bae, manan hiroep kijeu mah sa oemoer-oemoer, ngan ngandoeng karisi bae, hajoe oerang ngoentjloengkeun maneh kana sitoe bae, didinja minangka koeboer oerang.

Batoerna kabeh rěmpoeg, geus pada ihlas atina, rek pada neuleumkeun maneh kana sitoe noe deukeut kadinja, toeloej pada laloempatan, moeroe kana sitoe teja, ngagoeroeh patingkarébét patingkorosok, matak kaget bangkong-bangkong, noe pada aja di sisi sitoe; eta bangkong-bangkong pada giras laloentjatan naringgangkeun maneh kana tjai.

Peutjang ngadarenge sora patingkaréjtjémploeng ka tjai, noe hidji ngomong: He batoer-batoer eta sora naon patingkaréjtjémploeng, kawas aja sato noe sarijeunneun koe oerang?

Batoerna nembal: Enja bangkong laloentjatan, siga sijeunneun koe oerang, toer oerang teja taja pisan pangarah kadinja, palangsijang oerang njá tjara kitoe boeroengna, mastikeun anoe tatjan tangtoe, waka nijat maehan maneh, koe sabab sijeun dipaahan koe batoer; djadi oerang leuwih hade sabar bae sarta ati-ati, soepaja oelah kabongohan koe moesoeh.

Hartina ijeu dongeng: salawas hiroep koedoe ati-ati oelah kasorang koe prihatin, tatapi lamoen geus manggih prihatin, kasoesahan gède tjara koemaha oge, oelah rek moetoeskeun paněněda, djeung koedoe ingět tangtoe aja noe ngoengkoelan deui kana kaprihatinan oerang.

## 25.

## TANGKAL GEBANG DJEUNG WALOEH.

**A**reuj waloeħ ngarambat kana tangkal gēbang, tatjan pati lawas, geus nēpi kana poetjoekna, areuj waloeħ ngomong: Nja aheng katjidaakan jahō kami ngadenge noe ngaromong, oemoer ijeu gēbang geus saratoes tahoēn, tatjan saratoes powe kami geus njoesoelan djangkoeng ka ijeu gēbang.

Ngawangsoel tangkal gēbang teh: ēnja tereh, tapi saroewa bae terehna djeung' toempoerna, samemeh bejak mangsa ngidjih ijeu daoen maneh tangtoe toehoer kabeh.

Areuj waloeħ nanja: Noe matak maneh njaho taksiran, njēta ka noe lijan, ti saha maneh nja goegoeroe?

Wangsoelan tangkal gēbang: Njaho tina ngalaman sorangan bae, djeung geus nendjo mangsa ngidjih sabaraha kali, ari areuj waloeħ noe ngarambat ka kami geus loba pada karoemaki sarta tereh roeksakna tjara maneh.

Hartina ijeu dongeng: Oelah soewaban omong atawa takaboor, doemeh tereh naek, krana radjeun oge noe tereh naekna, tereh deui ragragna.

## 26.

## GAGAK DJEUNG GENTONG.

**A**ja gagak doewa halabhabeun hajangeun nginoem, pada nejangan tjai pada hibēr doewanana, manggih hidji gēntong, aja tjaina loba, tatapi bawaning katjida djērona, eta gagak teu kadoegaeun aboes; ari rek digolempangkeun teu kabawa, atawa rek diarah beulahna, tanggēl. Noe hidji gagak poendoeng sarta toeloej hibēr, noe hidji tinggal nejangan akal, bawaning banaāng; toengtoengna manggih akal, gagak teh

matjokan batoe djeung tjadas dikëtjëmploeng-tjëmploengkeun kana gëntong; barëng geus lila tjai dina gëntong oenggah kalohoer, teu koengsi satëngah djam gagak teh bisa seubeuh-eun nginoem.

Hartina ijeu dongeng: sagala kalakoean lamoen aja hesena, oelah dipake wëgah, koedoe keureujeuh bae, oelah sijeun koe hese, oelah pëgat-pëgat nijat nganggeuskeun pagawean, noe tadina ditaksir piteubeunangeun dipigawe, tina dikeureujeuh tangtoe djadi.

## 27.

### BEURIT DJEUNG TJOEBLOEK.

**A** ja beurit hidji geus ngadenge bedja bab pibalaieun maneh-na djeung batoerna kabeh, njá eta oetjing, djeung sadjaba tidinja babakoe manoesa satroe panggëdena, tina reja akalna. Parëng dina hidji mangsa ti peuting, eta beurit leumpang, manggih tataheunan tjoebloek, di djërona aja parab deëng sakeureut, beurit ngomong: Kami mowal kalakon njatoe deëng eta, tapi lamoen diambeuan bae mah, mowal djadi koemaha. Ari geus kitoe, beurit teh toeloej ngadeukeutan tjoebloek, sëdja rek aboes kana taheun tjoebloek, rek ngambeuan deëng; lila-lila antël iroengna kana sësëtilna, peundeut tjoebloek teh ninggang, beurit beunang koe taheun.

Hartina ijeu dongeng: Sagala pagawean goreng eta koe-doe singkiran sakali djeung oelah pisan-pisan wani deukeut, bisi kapoekët koe panggawe goreng, njaho-njaho geus ka-koeroengan.

## 28.

DJELEMA DOEWA LEUMPANG MANGGIH

KANTONG DIEUSI DOEWIT.

**A** ja djélémá doewaan leumpang babaréngan; noe hidji teu lila ngarongkong, aja noe ditjokot tina taneuh, ngomong ka batoerna, pokna: Ijeu tendjo kami nimoe kantong dieusi oewang.

Batoerna ngawangsoel: Lamoen djélémá leumpang babaréngan djeung batoer, di djalan maggih naon-naon, bénérna lain kitoe pokna, koedoe: Ijeu oerang pada manggih kantong dieusi doewit, sarta doewitna parokeun. Wangsoelan noe nimoe: Hanteu hajang ngomong kitoe, da saénjana kami anoe nimoe teh. Sanggeus kitoe, hanteu lila ngadenge sora djélémá, alok-alok kasébrotan, pokna: Tjékél djélémá noe njébrot kantong doewit. Noe nimoe kantong teh ngomong: Doeñ batoer oerang djeung silaing doewaan bakal katiwasan, tangtoe kaboektian, kantong diséboet beunang njébrot. Batoerna ngawangsoel: Bénérna ajeuna silaing oelah ngomong kitoe, njambat-njambat ka dewek, koedoe njéboet: ajeuna kami bakal katiwasan, karana kami ajeuna émboeng kabawa-bawa ditangkép, da tadi oge basa nimoe koe maneh hanteu dibawa-bawa.

Toengtoengna nja eta djélémá noe nimoe kantong ditalian teh, sabab kaboektian; batoerna teu pisan noeloeng, malah poewaseun bae.

Hartina ijeu dongeng: ari leumpang babaréngan djeung batoer koedoe sapapait samamanis, lamoen émboeng mere mamanis ka batoer, oclah hajang dibelaän papait.

## 29.

## DJAPATI BODAS DJEUNG GAGAK.

**A** ja djapati bodas roto sëmoe hideung, asal dibëntoer koe boedak, dibëntoer koe taneuh bëlok, djapati digeung-geureuhkeun koe gagak, sëmoe diëra-era, omong gagak teh: Maneh djapati saroewa djeung roepa aing. Wangsoel djapati: Nja bënér omong maneh, tapi régdëd soteh ngan boeloe bae, ari kana koelit daging mah teu téroes, samangsa mandi oge tangtoe bërsih deui, balikanan maneh masih mandi sataoen lawasna mowal bisa djadi bodas.

Hartina ijeu dongeng: djalanar ngagorengkeun ka noe bërsih, sadawoeh tembongna roto, tatapi lawas-lawas bërsihna katara sarta matak wëleh noe ngagorengkeun.

## 30.

## OENTJAL DI SISI TJAI.

**A** ja oentjal nginoem dina waloengan herang tjaina, nendjo kalangkangna, toeloej ngomong, pokna: Behnamah babagan papasten anoe aja dina hoeloe aing oetama, katedjona ngarangkadak dina hoeloe teh tandoek, tatapi ngau soekoe asa koerang prajogana; lamoen ditimbang djeung tandoek mah, geus tangtoe kami djadi sato pangkasepna bae, sanggoep ngadoe kapantësan djeung kantja sato noe lijan.

Keur ngomong kitoe ngadenge korosok paboeroe ti kadja-oehan sarta nendjo andjing reja, pada moeroe bari ngagogog; oentjal loempat tarik, naradjang tégäl, andjing tinggaleun; oentjal asoep kana leuweung, ari rek njoempoet dina roejoek, tandoekna kapoekët areuj-areujan, kaberoe koe andjing reja, sarta dipagorenjangkeun. Baréng rek paehi sasambatna: Doe htilaka témén awak kami, lantaran tina gëdjøel aing,

sobat rek diangkēn satroe, satroe diangkēn sobat; soekoe aing noe ditjawad meh bisa noeloengan kana diri, ari noe dipoedji aloes tandoek nja eta noe matak tjilaka teh.

Hartina ijeu dongeng: Arang-arang djélëma njaho noe matak mawa salamët atawa noe mawa balai kana awakna.

## 31.

TANGKAL MALAKA.

**A**ja njiroean ngënggon dina tangkal malaka, madoena reja; tangkal malaka teja giroek atina, samalah moerang-mareng sirik kana kai noe sedjen. Aja tangkal hampélas noe ngageunggeureuhkeun kana tangkal malaka, tjarekna: Naha maneh teh soebaha, rasa kami noe matak maneh dipikaäsih koe manoesa, sabab nja eta diënggonan njiroean, da boewah maneh mah kësëd. Teu lila njiroean oendoer tidinja, pindah kana kai sedjen; sanggeus kitoe aja djélëma rek ngala madoe, tapi geus kosong, djélëma ambék moerang-mareng, toeloej tangkal malaka teh ditoewar, sabab geus taja mamanisna.

Hartina: koemaki noe matak djadi katiwasan, hanteu njaho ditoeloengan sobat noe matak djadi kasalamëtan, sarta matak diadjenan.

## 32.

PEUTJANG DJEUNG DJALAK.

**A**ja djalak eunteup dina roejoek; teu lila aja manoek garoeda njambér peutjang noe deukeut kana djalak, toeloej peutjang teh dibawa hibér. Peutjang sasambat menta toe-loeng, tapi taja gawena, geus pinasti djadi kahakanan manoek garoeda. Djalak teh goreng atina, moewas-moewas kana peutjang meunang balai, omongna: Soekoer maneh, sabab

bongan teu loempat mangka gantjang tangginas, tangtoe bisa njingkiran panjambérna manoek garoeda. Djalak teh keur ngo-mong kitoe, gaproek disambér koe alap-alap, djalak sasambat menta toeloeng, tjara sasambat peutjang teja, tapi taja noe noeloengan.

Hartina ijeu dongeng: oelah pisan-pisan sok njotjoh-njotjoh pahare-hare hiroep ka noe keur kataradjang balai, sababna awak maneh oge meunang kataradjang balai.

### 33.

#### HAJAM DJAGO DJEUNG BAROEDAK AWEWE.

**A** ja hidji nini-nini lampahna wékél digawe, oenggal-oenggal kongkorongok tjetjoanana hajam djago, waktoe soeboeh, nini-nini ngahoedangkeun batoer-batoerna, dititah digawe satjabak-tjabakna.

Batoer-batoerna pada giroekeun kabeh ka eta hajam djago, tina kamélidannana, sangeuk hoedang isoek-isoek sarta sangeuk digawe.

Rémén ngomong djeung batoerna, pokna: Si djago bang-kawarah noe matak djadi kapoesingan oerang teh; lamoen taja eta mah, djoeragan mowal tanghi isoek-isoek, meureun oerang meunang seubeuh heës. Tina kagaretekannana sarta hajang leungit karoedétan, hajam djago teh diparijeuskeun beuheungna datang ka paeh, dosana ngan koe sabab sok kongkorongok soeboeh.

Sarehna si djago geus paeh, djoeraganana sasat kaleungitan djam, wantoe-wantoe geus kolot, hanteu bisa sare tibra, oenggal-oenggal ngalilir, batoer-batoerna diharoedangkeun, meh pada hanteu bisa heës, tina rémén dihoedangkeun, tambah garetekna, tjatjakan lamoen bisa mah, si djago teh meureun dihiroepan deui bae.

Hartina: lamoen maneh hajang ngaleungitkeun kasoesah, koedoe dipikir masing asak, bisa djadi manan leungit anggoer tambah.

---

### 34.

#### BANGKONG DJEUNG SIDAT.

**A**ja anak bangkong diadjar keneh ngomong, sakeudeung-kendeung disada, papanggih djeung sidat dina bĕbĕr; ari sidat teh noe sakaroepa djeung bĕloet ajana dina bĕbĕr sisi laoet. Bangkong mojok ka sidat, tina sabab pireu, tara disada, wangsoelan sidat: Disada oge hanteu poegoeh alang-oedjoerna, asoep ngatjo bae, malah matak niwaskeun ka diri. Djĕlĕma noe ngadenge ngewaeun, meureun toeloej dibĕntoer; rasa koela, mĕnding tjitjing manan ngatjo mah.

Hartina: hade tjitjing manan ngomong hanteu poegoeh mah. Lodong kosong ngĕlĕntroeng.

---

### 35.

#### REUNGIT DJEUNG LANTJAH.

**K**eur wantji sore reungit tiriseun tjitjing di loewar, toeloej moeboes ka djero imah, ngarah haneut sakeudeung-keudeungeun. Mimitina asoep ka imah leutik, anoe oerang lĕmboer, didinja neuleu lantjah, jen eta lantjah djadi hama satroë, sagala reungit katjida risina, hibĕr pindah ħenggon, asoep ka boemi gĕdong. Ari geus datang kadinja, boengah katjida, noe sok ngarawé taja, pokna: Ngeunah nakĕr haneut tjitjing di kamar ijeu, kami mowal bidjil-bidjil, matoeh dina kamar ijeu nĕpi ka oesoem katiga.

Barēng geus peuting, reja damar ratēng, tjaāng matak ngabōengahkeun, toeloej hibēr-hibēran, ngoerilingan damar teja, hanteu lila djangdjangna karerab, reungit ragrag kana damar, toeloej paeh. Soemawonna bisa njaho ka oesoem katiga deui, ka isoekna oge hanteu nēpi.

Hartina dongeng ijeu: lamoen maneh geus bisa njingkahan sahidji balai, oelah pisan-pisan njipta, jen salamēt ti sagala balai, karana moenggoeh noe hiroep, sasat dikēpoeng koe balai, saha noe weja, keuna.

---

## 36.

### KAPITING DOEWA.

**A**ja kapiting doewa, noe hidji geus kolot, noe hidji deui ngora keneh; noe kolot teh ngomong: Maneh leumpang oelah sok miring, koedoe mangka djēdjēg.

Wangsoelna noe ngora: Ari hajang mah panteg leumpang djēdjēg teh, tapi ari prak dilampahkeun teu bisa, ajeuna koela tjik woeroekan koe sampejan. Ana heg njontoan miring deui bae.

Hartina ijeu dongeng: oelah sok ngageunggeureuhkeun patjatjadan noe lijan, ari saroewa tjetjad mah.

---

## 37.

### DOEWA TJIOENG.

**D**ina hidji taoen parēng katiga bangēt, reja tatangkalan hanteu baroewahan, aja doewa tjioeng, katjida langla-jeuseunnana nahnj teunanganeun. Lemek ka batoerna noe djagdjag keneh: Batoer tjoba ngadjadjal hibēr, ngoebēng sa idēr deui bae, soegan aja boeboewahan, soepaja oerang oelah

katjida teuing nja lësoe, soegan meunang tanaga; tapi lamoen maneh manggih boeboewahan, kami koedoe dikirim saeutik-eutikeun; mangka gantjang bisi dewek kasëdék paeh langla-jeuseun. Noe rada djagdjag teh sanggoep rek ngirim, lamoen manggih rëdjéki sarta manggih bagdja.

Toeloej hibér nejangan tatangkalan noe boewahan, parëng manggih djamboe boël keur boewahan sërta geus asak kabeh, omongna: Lah dalah kami djeung sobat meunang pitoeloeng. Sanggeus ngomong kitoe, eunteup dina tangkal djamboe teh, bari tonggoj njatoean boewahna, nëpi ka seubeuheun; lilana dina tangkal djamboe sa djam. Srëngenge rek soeroep, tji-oeng geus rek nijat balik djeung rek ngirim ka batoerna. Mangsa harita ngarasa teunangan keneh, sarta ingët bae kana boewah djamboe noe arasak, noe matak kabita, lila-lila toeloej kaheësan. Ingëtna geus isoek deui, toeloej bae hibér ngadroegdjoeg ka ènggon sobatna noe langlajeuseun teja, barëng kapanggih, geus paeh.

Djélëma eta ari geus manggih bagdja tara ingët kana pitjilakaeun atawa kasoesahan noe sedjen.

## 88.

### NJIROEAN LOBA DINA GOTJI.

**A**ja njiroean loba ngagëmbrong dina gotji dieusi madoe, agahannana rek diseuseupan, datang ka pada kalëboeh, tigoebroes kana madoe. Barëngna rek hibér teu bisaeun, tina tjioproek koe madoe, njiroean pada sasambat tjeurik, ngarasa jen geus deukeut kana patina. Ari njiroean anoe loba, noe pada salamët asal tina ati-ati, eunteupna dina biwir gotji bae; ènja teu pati seubeuh njeuseupna, tapi salamët teu tikoentjloeng.

Basa keur pada rek hibér ngomong ka batoerna, noe kati-wasan teja: Kami pada karoenna ka maraneh, tapi bongan maraneh, naha moen tadi, samemeh njeuseup, pikiran heula koe maraneh hesena gampangna pibidjileun.

Hartina ijeu dongeng; hawa gampang njorangna, tapi sa mangsa geus disorang, balikna leuwih hese; eta oelah pohopoho, koedoe pikiran heula, karana handjakalna sok kapanggih di toekang, tapi taja gawena, sabab geus bejak waktoena; koedoe ditijoeng memeh hoedjan.

## 89.

### SINGA-BARONG DJEUNG BEURIT.

**A**ja, beurit hidji, wani-wani oenggah kana gigir singa-barong keur heës, singa-barong kaget toeloej njaring, sarta beurit teh ditjaploek.

Sasambatna beurit teh: eh goesti! moegi-moegi aja pangam-poera dalém ka abdi, tina djalan pandjénengan dalém noe leuwihl pérkosa, sarta gëde wawanen, oepami rek maehan abdi noe apës tjara kijeu, pandjénengan dalém geus tangtoe hamo sae kakongaskeunnana, djadi ngahandapkeun kana kaloehoeran dalém.

Beurit teh dihampoera sarta geuwat dilepotkeun, barina ngomong: Koe aing dikéntjarkeun deui soteh, ngan tina karoenna bae, aing hanteu ngarëp-ngarëp kana pamalës maneh.

Teu koengsi lawas, singa-barong keuna koe rawe, ambékna mejak-mejakkeun tanaga, ngarah lesot tina rawe, tatapi teu boga beubeunangan, malah beuki katjida meulitna; gërona matak sijeun katjida, sagala sato-sato kabober laloempatan sakarëp-karëpna, ngan beurit teja anoe hanteu sijeuneun teh, malah-malah noeloengan, gantjang njampeurkeun, toeloej rawe

teh dikérét koe beurit, singa-barong bisa ngéntjar deui, sarta roemasa, lamoen hanteu ditoeloengan koe beurit, meureun datang ka paeh, sarta roemasa njaljampahna tadi salah.

Hartina ijeu dongeng: njijeun kahadean sérta njaäh ka sasama hiroep, tangtoe aja gandjarannana; sanadjan ka noe leutik, karana hanteu moestail, radjeun oge koering bisa noeloeng gëde ka menak.

---

## 40.

### TJAREUH OETJING DJEUNG MEJONG TOETOEL.

 ja tjareuh djeung oetjing, patingalidér loemakoe djaoeh bari ngaromong. Noe diomongkeun bab adil djeung roentoet sarta pada ngomongkeun kasalahan eta doewa para-kara: maling djeung maehan; geus ditétèpkeun panggëde-gëdening lampah goreng.

Keur ngomong keneh kitoe, njaho jen aja mejong-toetoel njatoe émbe, tjareuh nendjo kalakoean kitoe, katjida nja-wadna, pokna: Panggoreng-gorengna kalakoean noe sok ngahakan sato noe teu boga dosa, kami mah tara kitoe; beunang diséboetkeun eta si mejong-toetoel sato panggorengna, pangodohna, pangdëngkina.

Salilana ngomong kitoe, lampahna beuki deukeut ka lëmboer, didinja nendjo hajam bikang hidji, loba anak-anakna, tjareuh gantjang ngarontok kana hajam bikang teja, sarta toeloej dihakan; dëmi oetjing noeroetan polah tjareuh teja, toeloej ngarontok anak hajam, sarta dihakan; mangsa harita kaoet-tamaännana, kapintérannana djeung kasalahannana pada leungit.

Hartina: manoesa hajang katjida ngageunggeureuhkeun kaloloeloepetan atawa kagorengan anoe lijan, kari-kari awak sorangan ngalampahkeun, oeteuk tongo dina tarang batoer kanjahoan, gadjah děpa dina poendoek teu karasa.

---

#### 41.

##### SRANGENGE DJEUNG ANGIN.

**D**ina hidji powe srangenge ngadjak prang tandingan ka angin, noe dipake pasanggiri atawa panajogjaān, saha-saha noe bisa ngahibérkeun tijoeng noe ngaliwat, nja eta noe oenggoel pérangna. Mangsa harita angin ngagélēboeg mawa hoedjan gëde, noe ngaliwat teh teu madjoe, balas ngomekeun tijoengna disingsëtkeun sabisa-bisa noeloejkeun lakoena, tijoeng beuki pageuh.

Diganti koe srangenge anoe mëtakeun karosaän; paréng ka tēngah pisan sorotna, nënggél panasna moreret, bengras kabina-bina. Noe ngaliwat tadi, mangsa keur ngagélēboeg angin, ngan mageuhan tioeng bae, ari kataradjang panas, toeloej ngalaān tioeng, sarta ngijoehan handapeun kai gëde, srangenge boengah, sëbab oenggoel prangna.

Sagala kalakoean, lamoen sareh sarta rapat, beunang ditangtoekeun sok hade kadjadjadiannana; tikél sapoeloëh djeung noe heuras rëgas, ngadroedjoer hawa-napsoe.

---

## 42.

HAJAM DJAGO DJEUNG INTEN.

**A** ja hajam djago langlajeuseun koerang parab, ngoreh dina keusik, nimoe inten gede sahidji. Bareng nendjo inten, hajam djago teh ngomong: Tada teuing boengahna toekang njarawedi, lamoen nimoe inten ijeu; ari lebah kami mah, mending nimoe bejas sasiki, manan nimoe inten sarewoe noe tjara ijeu!

Hartina ijeu dongeng: naon anoe djadi radjeki, noe matak ngoewatkeun kana badan, hanteu beunang digantian koe noe lijan, nadjan roepa sosotja.

## 43.

BAGONG DJEUNG MEJONG TOETOEL.

**A** ja hidji bagong keur ngasah sihoeng dina tangkal kosambi, digeunggeureuhkeun koe mejong toetoel, pokna: Maneh teh keur naon? Wangsoelna: Kami keur ngomean pakarang paranti ngalawan moesoech, bisi aja satroe rek nganiaja ka kami. Tjarek mejong toetoel teh: Rasa kami mah teu pati pérloe, sababna tatjan aja moesoech pikarisieun maneh. Tjarek bagong: Nja eta sababna koe kami noe matak dikédap, ari geus beh mah moesoech, mowal kaoer ngasah sihoeng, ngan kari taroeng bae, leuwih hade sadija samemeh něpi kana gawena.

Hartina ijeu dongeng: noe pintér ati-ati keur mangsana salamět; ngingétkéun atawa njadijaän baris noe pikapakeeun mangke, bakal noelak balai; ari datang kana mangsana ngan kari make bae; sagala kalakoean noe kaséllepék, arang-arang aja hasilna, nja leuwih hade sadija ti awalna.

Dongeng-dongeng pieunteungeun (Soendaasch).

## 44.

## TJIOENG DJEUNG KOETOEK-KOETOEK.

**A** ja tjioeng aboes kana paroempoeng, diarah koe koetoek-koetoek, tapi matjokna atawa njakarna koetoek-koetoek teh hanteu něpi, sabab djero paroengpoengna. Tjioeng ngadé-děmpes di djero paroengpoeng, koetoek-koetoek tjitjing ngadago di loewar, ngarah bidjilna; tjioeng garetekeun, bidjil napsoena, pok soesoembar: eh toekang maehan, koemaha aing teh koedoe sabar bae, oelah ngalawan ka maneh, heg rasakeun koe maneh, apěs-apěsna mata maneh sahidji bakal djadi wadal.

Sanggeus soesoembar kitoe, tjioeng teh toeloej bidjil, koe-toek-koetoek njingkah api-api sijeun, tjioeng soesoembar deui pokna: eh koetoek-koetoek masing ati-ati, oelah njingkah. Koetoek-koetoek naradjang, njambér deui tjioeng, diranggeum toeloej dibawa.

Hartina dongeng ijeu: lamoen maneh diarah koe noe saloe-hoereun maneh pangawasana, ari meunang keneh njoempoe man, montong dilawan, tina wawanen maneh toengtoengna matak tiwas; oepama bonteng ngalawan kadoe, tangtoe bontengna anoe lěboer.

## 45.

## PEUTJANG DJEUNG KOEJA.

**A** ja hidji peutjang mojok koeja, sapedah teu bisa gantjang; koeja ngawangsoel: ēnja bae leumpang aing kěndor, tapi lamoen balap djeung maneh kadoega. Gantjang bae peutjang nangtang bari seuri barěng leumpangna; ari koeja leumpangna ngagélésér bae sarta troes hanteu eureun-eureun,

tjara peutjang, mejakkeun karosaänna, loeloentjatan ngentjangatoehoe, kakara meunang satěngahna pangbalapan, geus tjape balas loentjat teuing, toeloej eureun bari heës sakeudeung. Omong peutjang: Doewa atawa tiloe loentjat oge kami bisa njoesoel si koeja. Peutjang ngeunah-ngeunah bae heës, hoedang sotek kaget koe noe ngagëdér seuseurian noe nongton djeung noe njaksian; toeloej loempat moeroe pawatësan babalapan, tapi teu loeloes, karana koeja noe heula datangna kana watës teja.

Hartina ijeu dongeng: hade noe ngeureujeuh sarta témén wékél manan noe gantjang reureundahan atawa gantjang pintjang, mënding laoen ngagembol.

#### 46.

##### KELÉNTJI.

**A**ja kélentji hidji keur njatoean dina djoekoet, teu lila ngadenge goeroetoek-goeroetoek koeda tjangklang djeung sora djalma reja; omongna kélentji: Sora eta kawas anoe rek moro, toeloej njoempoet; noe toempak koeda teh ngaliwat bae teu ngopenan kana kélentji; toeloej kélentji bidjil tina panjoempoetannana, bari ngomong pokna: eh kami mowal loempat, sabab taja noe ngopénan, kadoewana djalma noe nendjo ka kami sëmoe rada sijeuneun. Teu koengsi lila aja djalma ngawaskeun, api-api noe sijeun dodongkoan, tjarek kélentji: tah noe matak kami hamo loempat, mowal aja pikarisieun, djalma oge djiga sijeuneun koe kami. Barëng bidjil omong kitoe, dibëdil koe djalma paboeroe teja, toeloej paëh.

Hartina ijeu dongeng: teu aja balai noe leuwih gëde kadjabá magar maneh taja pibalaieun, tinggal tjaringtjing.

## 47.

TJAREUH DJEUNG OERANG LEMBOER.

**A** ja hidji tjareuh asoep ka boeroean oerang lémboer; baréng geus njatoe djapati, bidjil sédja rek balik, papapag djeung noe boga lémboer, tapi tatjan nangen djapatinan dihakan koe eta, ngan soepaja eta tjareuh moepoelihkeun maneh, roemasana geus kanjahoan, omongna: Sampejan tadi isoek-isock geus hareugeu, tatapi koela sorangan tara open kana djapati, ngan tjareuh noe loba noe sok njatoean djapati teh, ari kawoela mah tara pati kitoe. Oerang lémboer teh lemek: Tah aja keneh noe boga dosa teh, baroedak paehan eta tjareuh sok njatoean djapati teh. Gantjang anak-anakna pada nareunggeulan tjareuh, datang ka paeh.

Hartina: oelah sok pertjaja ka djalma sok mihade maneh, krana ari djalma hade mah tara moedji maneh djeung djalma boga dosa radjeun bidjil ti sorangan. Tjarek paribasa: kalapa bidjil ti tjoengap.

## 48.

DJALMA TOEKANG NGALA KAI DJEUNG MONJET.

**A** ja monjet lila nendjokeun kalakoean toekang ngala kai, meulahna gěpak-gěpoek, bangga katjida keur térap pantjir, ngarah babari beulahna. Pikir monjet teh: Naha eta djalma noe meulah kai teh kawas heseeuن pisan, tjoba lamoen kami moal hese tjara kitoe, krana geus ngintip kalakoeannana, kami kadoega toempangan oge, geus tangtoe gampang bae, moal kitoe. Baréng toekang kai keur paréng eureun njingkah tidinja, monjet gantjang bae toeroen ti loehoer kai ngaraboe pantjir, noe keur nantjéb dina kai keur dibeulah;

baréng pantjir diraboet, kai noe keur dibeulah teh ngadémpet soekoe monjet, teu lila datang toekang kai teh, monjet ditjérék beunang.

Hartina ijeu dongeng: rorosaänan sarta boemisa matak tiwas.

## 49.

## KOEDEA KOLOT.

**K**ja hidji koeda aloes, teu koengsi lawas djadi kapibanda koe noe soegib, teu kakoorangan hakan, djoekoet soemawonna pâre; ari gawena hampang, oenggal ditoempakan koe noe boga, matak heran noe neuleu sarta diaralém koe djalma reja; beuki lawas beuki kolot. Baréng djoeragananana geus paeh, eta koeda didjoewal koe ahli-warisna ka soedagar, toeloej dipake momot. Koeda teh katjida prihatinna bawaning tjape balas dimomotan, sarta soesah koe hakan, dieutik-eutik marabannana, djeung djoekoetua goreng, noe dibakanan koe koeda teh. Baréng aral koe papastenna, koeda momot batoerna njarekan ngawéwéleh, tjarekna: Koemaha noe matak aral teh, teu roemasa dewek djeung silaing teh dibakoekueun kana momot, djeung deui teu roemasa diparaban, sababaraha lobana sato-sato noe beurat koe gawe alah batan oerang teu boeroeng hiroep, ari silaing katjida pisan nja aral, matak woewoeh-woewoeh karoeksakan awak bae.

Wangsoelna koeda kolot teh: Bénér pisan omong maneh sakitoe, tatapi koedoe ka noe pantar maneh, lamoen kami geus tabah ti ngongora mah dimomotan, tangtoe lemek tjara oetjap maneh, ari noe matak djadi soekér djeung teu koewat ngalakonan lain papantjen dewek, beda papantjen tadi djeung ajeuna.

Hartina ijeu dongeng: toeman noe matak djadi kangeunahan, hese gawe ari toeman ti ngongora djadi hampang.

## 50.

MEJONG TOETOEL DOEA DJEUNG BOEDAK ANGON EMBE.

**A** ja doea mejongtoetoel kakoberangan njatoe, bangët teu-nangan, babarëngan leumpang djeung pada mejong-nejangan hakaneun; nendjo èmbe loba sarta lalintoeah araloës, gantjang mejong teh diboro koe boedak-angon djeung andjing-andjingna sabisa-bisana ngahalangan, geus mejong doea teh teu bisa nganteur pikarëpeunnana, lautaran manoesa mëta-keun akal. Noe deukeut kadinja aja leuweung, noe hidji asoep ka leuweung eta, noe hidji deui ngaleungit miheulaän leumpangna, mëgat di pidjalaneun èmbe teja, seg tempong njingsijeunan kawas rek ngarontok anak èmbe, noe ngangon madjoe bari ngahojah-hojah, digogogan koe andjing loba, mejong teh loempat, toeloej diboroan koe andjing, noe ngangon teu pati lila balik poelang moroan, ari datang kana èmbe geus ngadjaloprak èmbena, noe lalaki pangaloesna sarta panglin-toehna leungit, dihakan koe mejong noe njoempoet teja ngarontokna gampang bae, batoerna noe dioedag-oedag teja dibagianan laoek èmbe.

Hartina ijeu dongeng: balai eta aja noe teu beunang dikira-kira, ditaksir di noe aja, tampolana taja, dikira-kira taja, bët aja.

---

## 51.

KALDE NOE DIMOMOTAN.

**A** ja kalde dimomotan oejah, meuntas tjai. Barëng datang ka tengah tjai, toeloej dëpa sakeudeung, nangtoeng deui geus ngarasa momotna hampang katjida, noe matak kitoe tina oejahna adjoer koe tjai. Nijat kalde akal kitoe

pětana bakal diingět-ingět bae, moal poho-poho, rek dilam-pabkeun deui. Noe boga eta kalde ngarti dipikareupeun kalde. Barěng isoek deui kalde dibawa deui leumpang, dimomotan kapas, meuntas deui dina tjai noe kamari teja, něpi kana tengah-tengah tjai kalde teh děpa, barěng nang-toeng kaget, beuki beurat momotna, nikěl beuratna djeung basa keur toehoer, něpi ka těu kadoega ngadjоengdjoengkeun momotannana, akal děpa teh teu dilampahkeun deui-deui.

Hartina ijeu dongeng: samemehna maneh ngalakonan sabidji kalakoean, koedoe dipikir heula hadena djeung hanteuna piahireunnana; reja pěrkara dina powe ijeu ngabalalikeun ka maneh, dina mangsa powe kamari mah ngoentoengkeun.

## 52.

### KOEJA DJEUNG WALIWIS.

**A** ja koeja dina sisi rantja, nendjo waliwis sakoerĕn. Barěng rek hibĕr ka darat digeunggeureuhkeun koe koeja, tjarek koeja: eh bagdja témén maneh, bisa njaho kamana-mana, lain tjara kami oedar-idĕr deukeut bae. Wangsoelan waliwis: Lamoen maneh hajang njaho kamana-mana, seg kami daek noeloeng mawa ka maneh, tatapi saratna koedoe ngegel kai leutik pandjang; digegelna mangka malang dina pamatoek maneh, soepaja beunang dibawa hibĕr. Koeja teh reja-reja bidjil omongna narima ka waliwis, sarta noeroet saparentahnă ngegel kai; ari tjongona kai teh digegel koe waliwis kentja katoehoe, toeloej dibawa hibĕr; barěng něpi kalĕbah pilĕm-boeran, djalma noe nendjo pada heran, tina kakara njaho anoe kitoe pětana, djadi disčboet aheng; kadenge koe koeja pamoedji djalma teh, langkoeng-langkoeng boengah sarta ngomong: satémennna mah hanteu aheng. Ngan kakara sakitoe omongna, geus teu bisa deui ngomong, sababna lesot nge-

gelna koe ngomong tadi, toengtoengna koeja teh rragrag, rémoek pisan, balai noe kapanggih, djalanna nganteur kahajang djeung sœka dipoedji.

Hartina ijeu dongeng: manoësa eta kasëboet tjilaka, lamoen dibejakkeun teuing pikareupeunnana, anoe hanteu pisan pérnah kana dirina, hajang ngarah tibra kana pikirna, tina karejaän teuing angkoh, seg bae manggih balai.

---

## 53.

## ° PENDIL TAMBAGA DJEUNG ° PENDIL TANEUH.

**K**eur mangsa tjaäb gëde aja pëndil doewa palid, noe hidji tambaga noe hidji deui taneuh, pada jatna, djaoeh bae pëndil taneuh kana pëndil tambaga teh. Lila-lila pëndil tambaga roemasa dipikasijeun, sarta katjida heranna, lemek pëndil tambaga teh: Noe matak maneh nganggangan teh naön sababna? oelah sijeun-sijeun, kampi teu pisan-pisan boga nijat rek nganaja ka maneh.

Pëndil taneuh ngawangsoel: Nja përtjaja ka omong maneh, jen hamo bakal ngopenan ka kaini, tatapi oelah djadi ati, kami nganggangan soteh, tina asal kami djeung asal maneh sedjen, eta bae bisi papadoek-padoek, teu karana dinijatân, wantoe leumpang koe tjai, geus tangtoe kami noe bakal tiwas.

Hartina ijeu dongeng: djalma koering teu hade rapët teuing ka menak, sawab radjeuh aja djalma noe tiwas, koe lantaran polah menak, lain tina dihadja.

---

## 54.

## BAROEWANG DJEUNG NJIROEAN.

**A**ja baroewang ditapoek njiroean, katjida napsoena, moerang-mareng ka sakoer noe deukeut, koe manehna

dioebrak-abrik, ngamoek ngentja-ngatoehoe. Tina bawaning motah ngambékna, ambékannana kaämbeu koe njiroean loba, pada napoek kabeh sarta pada njeureud. Tina geus hanteu katahan njérina, baroewang loempat noetoepan tjeuli, djadi njiroean katinggaleun, baroewang salamět.

Hartina dongeng ijeu: lamoen maneh dinjénjeri koe kantja, hade sabar heula bae, lamoen gantjang malës kabawa koe napsoe, loewangna sok tara meunang, malah tambah njéri bae.

### 35.

#### MANOEK GAROEDA, MEJONG TJONGKOK DJEUNG BAGONG AWEWE.

**D**i leuweung aja manoek garoeda, mejong tjongkok djeung bagong awewe, reudjeung saënggon. Manoek garoeda njajang dina randoe leuweung, mejong tjongkok aja di tengah-tengah tangkal eta, bagong awewe di handapeunnana njajang. Ari panggoreng-gorengna akal nya eta mejong tjongkok, sabab eta djadi karoeksakan manoek garoeda djeung bagong awewe. Toeloej mejong tjongkok teh datang ka hareupeun manoek garoeda omongna: Goesti gamparan teh koedoe ati-ati, aja noe rek niat awon ka gamparan sarëng ka koering, eta gamparan koedoe oeninga jen eta bagong awewe lampahna sok ngagangsir akar tangkal ijeu, teu eureun-eureun panggangsirna, lamoen tatjan dongkap ka roentoeh mah, ngan saoepama kalakon roentoeh panëneda koering poetra gamparan sarëng poen anak-anak moegi-moegi diraksa koe Goesti Allah.

Hatoerannana mejong tjongkok teh digoegoe, témahna manoek-garoeda kaängsonan gantjang nganjanaän goreng kana bagong awewe. Mejong tjongkok toeloej njampeurkeun bagong awewe bari ngomong, pokna: Koemaha maneh teu ngimpi, jen bakal kadatangan koe balai, di loehoer tangkal ijeu aja

manoek garoeda ngēnggon, sok ngintip ka maneh, rek nijat goreng? teu aja deui bangsa manoek noe galak sarta gagah, sagala sato dihakan koe manoek garoeda, anak maneh djeung anak kami geus tangtoe tereh dipaehannana, tjoba tinggalkeun sakeudeung bae anak maneh mo boeroeng dihakan. Ti mangsa harita manoek garoeda teu leumpang-leumpang tina ēnggonna, bagong awewe nja kitoe deui, tina doeanaana pada neundeun tērka. Ari mejong tjongkok nejangan hakaneun ti peuting bae, api-api soesah, matak bangēt pratjajana manoek-garoeda djeung bagong awewe, doeanaana ngoeriling bae teu pētot ngadjagana di ēnggonna sorangan, nēpi ka pada paeh langlajeuseun, anak-anakna toeloej djadi kahakanan mejong-tjongkok.

Hartina ijeu dongeng: oelah rek ngandēl ka noe sok beuki ngomong, sarta sok daek ngagorengkeun noe lijan, di alam-doenga taja manoesa leuwih goreng tjara noe boga watēk kitoe, eta panggoreng-gorengna manoesa ngadoe-ngadoe, ngarrah tjilaka batoer.

## 58.

## MANOEK TJANGKOERILEUNG DJEUNG KAAK.

**A** ja manoek tjangkoerileung hajangeun njaho di tanah sedjen, disanggoepan koe manoek kaāk, toeloej pada hibēr, ngaliwat sagara, moeroe poelo noe aja leuweungan, geus tempong, toeloej didjoegdjoeg, saroepaning manoek dina leuweung eta pada ngaroebōeng kana manoek doea noe anjar datang, pada hajang njaho roepana. Manoek anoe geus pada papanggih pada kaget djeung heran nendjo roepana, aloes hideungna, gilap boeloena, manoek mangkoek pada nitah disada, saharita geus pada boengah-boengah hajang ngadenge sora manoek noe hade roepana, katjida pangeukeuh

annana nitah disada kana kaäk, toeloej disada; barëng kaäk disada, manoek anoe katjida tadina kaget djeung heran, sanggeus ngadenge sorana, leungit heranna sërtा pada njëboet handjakal koe sora kaäk, ari patoetna aloes sorana teu ngeunah, teu bisa ganti-ganti sora teu matak heran; ari tadina pada ngalëm bae kana roepana, toeng-toengna pada njeungseurikeun, pada mojok. Sabot pada ngaroeboeng kaäk, tjangkoerileung mah taja noe ngakoe-ngakoe atjan, tina roepana bëlëwoek, teu matak pikarësëpeun. Tjangkoerilëng ngageuwat disada, kadenge koe manoek pri-boemi, sakoer noe ngadenge pada kaget pada heran, tjarek manoek mangkoek teh: Tah sora matak ngadatangkeun kaboengahan, tina sorana ngeunah djeung bisa ngadjombali, atawa ganti-ganti lagoena, malah anoe sok panastrenan oge rësëpeun, montjongok ngahoelëng ngadengekeun tjangkoerileung disada, kabeh manoek-manoek noe aja di leuweung eta pada moedji, pokna: Njolong bade, goreng roepana ngeunah sorana, tikël sapeloeh rësëp ka tjangkoerileung manan ka kaäk. Ti harita tjangkoerileung pada ngadjenan, kaäk dimomorekeun bae.

Hartina dongeng ijeu: djalma ginding hade djëdjér geus tangtoe ditaksir reja kabisana, ana geus katangen taja kabisa, dipojok sarta dimomorekeun; sanadjan djëdjérna teu pati hade, taja banda, lamoen boga pangabisa, tangtoe diadjenan sarta dipikarësëp.

**A** ja manoek djogdjog beunang koe saweuj, sasambatna ngalëngis malar dipikaroenja, menta ka loear; noe boga saweuj karoenjaeun, geus aja pikirna rek dileupaskeun; pok deui bae manoek djogdjog teh ngomong hajang geura heg

dileupaskeun: Lamoen kaoela dileupaskeun, kaoela sanggoep ngitjoek-ngitjoek manoek noe reja, soepaja beunang koe saweuj, minangka djadi panĕboes diri kaoela. Wangsoelan toekang ujaweuj: Hamo keuna pangolo maneh ka aing, ajeuna maneh geus tangtoe dipaehan, tadina aing aja pikir watir ka maneh, sanggeus maneh tempong boga omong dĕngki ka batoer, djadi aing geuleuh ka maneh.

Hartina: sanadjan maneh meunang tjilaka, oelah tinggal pikir kaoetamaän, aja oge arĕp-arĕpeunnana, tina djalma dĕngki ka batoer, soepaja manehna salamĕt kadjeun batoer tjilaka, toengtoengna rek salamĕt oge hanteu toeloes.

## 58.

## MËNTJËK.

**A** ja mëntjëk awewe geus kolot, magahan ka anakna laki omongna: Agoes maneh oelah wani-wani ngambah leuweung eta, sabab aja maoeng matoeh didinja, lamoenna njahoeun aja maneh, geus tangtoe toeloej bae ngarontok ngahakan ka maneh. Anak mëntjëk nanja ka indoengna: Indoeng sampejan kintĕn-kintënnna jasa nganteur, kaoela hajang ditoedoehkeun djiga naön roepana teh satroe noe matak sijeun. Wangsoelan indoengna: Hanteu kadoega nganteur mah, ngan roepana indoeng bisa mëtakeun sarta gëdena matak sijeun katjida, matana montjorong sëmoena ngarah pati bae, soengoetna lamborok koe gëtih, eta kabeh noe djadi panĕngĕrannana matak gila bae, malah djeung singa djeung baroeang matak sijeun keneh maoeng bae. Tjarek anak mëntjëk teh: Indoeng lamoenna kitoe mah patoetna, sarta matak sijeunna eta maoeng teh, kaoela panoehoen katjida, koe panteg hajang oeninga, koe indoeng koedoe dianteur. Sanggeus ngomong kitoe, toeloej boengah-boengah loeloentjatan moeroe kana

leuweung eta, kapanggih maoengna keur děpa dina djoekoet, měntjék leutik barěng neuleu ka maoeng ngaranděg sakeudeung, omongna: Eta mah lain maoeng da roepana aloes, hoeloena loewis, naon noe matak sijeun teh, omong indoeng, soengoetna lamborok koe gětih, geuning hanteu, ngan matana noe montjorong, tapi sěmoena teu ngarah pati, ngan gilar-gilér djeung aloes bae, kami kadoega bae ngadeukeutan. Teu lila toeloej bae dirontok koe maoeng. Barěng ngarasa jen bakal manggih pati, sedjen pikirna djeung noe geus diomongkeun tadi, kakara nganděl ka omong indoengna.

Hartina: oelahi poho-poho sapapandjangna, jen sipat goreng eta teu koedoe-koedoe matak sijeun, nadjan roepana matak rěsep oge, hanteu kapianggeuhan.

---

## 59.

## OERANG LEMBOER, ANDJING DJEUNG MEJONG TJONGKOK.

**A**ja hidji oerang lémboer, keur wantji peuting poho teu meundeutan lawang parandje hajam; barěng noe boga imah djeung andjingna geus heës, mejong tjongkok datang asoep ka parandje hajam teh, sarta maehan hajam, toeloej dibawa sakoewat-koewatna. Isoek-isoek noe boga njahoeun jen hajamna paraeh, napsoe katjida, andjingna digěboegan, djalan katjida teuing heës, hatoerannana andjing: Geus lërës pisan koering diběndoan koe adjéngan, tatapi hoekoeman adjéngan ka koering lërësna koedoe dimanah heula jen adjéngan koe andjeun anoe maparin toeladan reja ka koering.

Hartina ijeu dongeng: oelahi sok njontoan goreng ka noe sedjen, krana lain matak goreng ka noe sedjen bae, ka maneh ge matak tiwas.

## 60.

PANTJOERAN DJEUNG DJALMA LOEMAKOE.

**D**ina hidji mangsa keur panas bangēt aja hidji djalma keur loemakoe, manggih pantjoeran herang pisan tjaina, djalma teh leumpangna gagantjangan moeroe eta pantjoeran, tina bawaning panas kesangna lokot, tikorona toehoereun, hajangeun nginoem; barang nēpi kana pantjoeran, lēgoek nginoem liwat ti oeroesan, teu lila karasa njéri beuteung; djalma teh ngomong bari mēntjetan beuteung, pokna: He tjai tjilaka, saha noe njana, jen ijeu tjai baroewang, tina roepana herang matak kabita, teu njana bēt matak njéri beuteung.

Pantjoeran ngawangsoel: Maneh ngagorengkeun ka kami, ngangararan baroewang, tjoba koe maneh tendjo sagala djoekoet djeung tatangkalan, sakoer noe deukeut ka kami, kabeh pada haredjo, maroeloes, nja kitoe deui sato-sato sakoer noe nginoem ka kami, kabeh pada djagdjag tangginas lalintoeh, kantja maneh manoesa ge pirang-pirang noe nginoem kadieu, hanteu nāon-naon, sabab maneh njéri beuteung, tina tinggal pērjoga hanṭeu ati-ati.

Hartina ijeu dongeng: sagala noe aloes-aloes, noe seungit-seungit, noe ngeunah-ngeunah, lamoen mētakeunnana tinggal doega djeung kira-kira sarta teu ati-ati, sok djadi njilakakeun ka diri, sanadjan tjai djadi baroewang, ana nginōemna hanteu djeung pērjoga.

## 61.

OENTJAL DJEUNG ADJAG.

**A**ja oentjal djeung adjag, adjag panastren kana oentjal, ari omongna, mimitina mah moedji: pokna: Silaing aloes katjida, bari sēgoet, ngan handjakal leutik teuing soekoe.

Oentjal ngawangsoel: Kami roemasa ditjawad koe maneh, tatapi da geus kijeu dikĕrsakeunnana koe Goesti Allah, kami narima bae, kakara kapanggih ajeuna tjatjad kami disĕboet-keun koe anoe panastren.

Hartina ijeu dongeng: adat djalma panastren, ana moedji sok ditoengtoengan koe pamojok.

---

## 62.

### SOEMPAH MAOENG TOETOEL.

**M**aoeng toetoel keuna koe tataheunan oerang lĕmboer, bidjil soempahna bangĕt: Lamoen sakali ijeu dileupaskeun, mowal njatoe-njatoe deui daging, rek njatoe dangdaoenan bae, gĕde-gĕdена njatoe laoek tjai. Noe boga tataheunan ngagoegoe, maoeng toetoel dileupaskeun, toeloej loempat bari djidjingklak, loempatna tatjan pati djaoeh, manggih bagong keur goejang, omongna: Dalah ijeu sato aja dina djĕro tjai, nja ijeu laoek tjai teh, teu kaäsoep kana soempah kami. Gantjang bagong teh dirontok, sarta toeloej disosowek.

Hartina ijeu dongeng: soempah djoeroe-djana lain andĕleun, saha-saha noe boga karĕsep ngalakoekeun panggawe goreng, hanteu koerang piomongeun atawa pidakoeueun.

---

## 63.

### KALDE, ADJAG DJEUNG SINGA.

**A** ja kalde kĕlĕndoeng-kĕlĕndang njaba leuweung, baba-rĕngan djeung adjag kana ĕnggon singa, tembung ti kadjaohan, tetela singa, adjag teh kĕtir, balai bakal

němah ka awak, tatapi sanadjan boga pikir sijeun, uangankeun maneh bae, njampeurkeun ka singa, nijat meuli-meuliati, api-api teu sijeun. Omongna: Noe matak koering doe-meuheus ka gamparan, soemědja njanggakeun daměl koering: sarehna koering geus oeninga kasaean manah gamparan. wělas ka diri koering, ajeuna koering sědja naros ka gamparan, manawi gamparan hojong toewang daging kalde, batoer koering sasarěngan, koering ěnggeus ngadaměl piloewang keur miloewang kalde, koering sědja bakti ka gamparan.

Wangsoelna singa-barong: Katarima pangbakti maneh koe kami. Teu lila kalde tigoebrag kana piloewang, beunang adjag teja, kalde ngaringkoek hanteu bisa handjat, singa soerak bari njampeurkeun ka adjag, sarta ngomong: Ijeu kalde ěnggeus milik kami, tatapi samemeh kami moerak kalde, maneh heula bakal dipake ampěr-ampěr. Adjag toeloej dirontok.

Hartina ijeu dongeng: saha-saha djalma njijeun lombang keur naheunan batoer, manehna sok tigoebrag; djalma děngki ka batoer, loembrahna manehna heula tiwas.

## 64.

### BADAK DJEUNG GANGGARANGAN.

**D**ina hidji powe singa didareuheusan koe sagala sato. Badak, noe goreng bangoenna sarta hanteu serewel, ganggarangan bangoenna tjangkér sarta serewel; djadi sagala sato pada ngaroeböeng ka ganggarangan bae, djeung pada maroedji těgěpna, tjangkérna djeung serewelna; sato-sato arasih kadinja diadjak sosobatan. Ari badak mäh pada ngadjeunkeun bae, taja noe miroseja, malah lamoen hanteu sarijeuneun koe rosana, pada marojok bae, tina goreng patoetna, badigoelna djeung dagilna.

Tatjan aja saboelan lawasna singa geus leuwih dœwa poeloeh prakara narima pioendjoek ganggarangan ngistorikeun batoerna, teu koe hanteu bae dipigorengna, ari ti badak mah tatjan aja hidji prakara ngagorengkeunnana ka batoer-batoerna, malah rämén mere kahakanan; sagala sato-sato geus njaho, jen ganggarangan goreng atina, poerah istori, badak anoe loenggoeh sarta saleh.

Dina waktoe koempoelan deui, kabeh sato-sato pada ngadareukeutan ka badak, loemah-lameh nandakeun ngadjak sosobatan, katendjo koe singa jen sato kitoe pamolahna, beda djeung sasari, singa mariksa ka patihna, nja eta gadjah, pokna: Koemaha sababna eta sato-sato kabeh mana beda djeung sasari? tadina sémoe arasih ka ganggarangan, ajeuna bët pada ngaroeboeng ka badak, sémoe asih kadinja? Patih gadjah ngawalon: Soemoehoen timbalan, tadina kabeh pada arasih ka ganggarangan, sabab serewelna, ahir-ahir kapanggih tjidrana, hadena ngan watës biwir, hanteu téroes kana ati, hade anoe tjitjing teja, énja sadjongdjongan hanteu matak rësép, tatapi lila-lila karasa hadena.

Hartina: djalma hade ati, bënér lampah, sanadjan hanteu matak rësép sadjongdjongan, laoen-laoen dipikarësép; kitoe deui djalma manis lambëj, sekeudeung matak rësép, laoen-laoen matak geuleuh.

## 65.

### AHLI-WARIS.

**A** ja oerang lëmboer gëtol, boga anak hidji lalaki hanteu anggér pikirna, sapaninggal bapana boga këbon lëga dipélakan palawidja roepa-roepa, dipagér koe dadap ti tinggal bapana, omongna: Hanteu kaharti koe karëp bapa, ijeu këbon dipagér koe dapap, teu aja hasilna, ngan ngaheurinan bae, Dongeng-dongeng pieunteungeun (Soendaasch).

sarta ngahijeuman. Sanggeus ngomong kitoe, dadap toeloej ditowaran datang ka bejak pisan. Sanggeus lenglang kēbon taja aling-alingga, sapi moending arasoep, ngaroeksak pēpēla-kannana, datang ka tempoer pisan; tidinja ngarti jen pagēr eta wadib.

Hartina: oelah waka ngaroeksak talari kolot, lamoen tatjan kapikir hadena djeung pitēmaheunnana.

## 66.

### MANOEK TJAKAKAK.

**A** ja manoeck tjakakak, isoek-isoek euteup dina dahan kai sisi sitoe keur ngintip laoek, manggih tampele aréj-aréjan. Tjakakak ngomong: Hih tampele pait! Leungit tampele, beh beunteur, tjakakak ngomong deui: Hih beunteur roengséb! Bol deui tjorengtjang, tjakakak ngomong deui: Tjorengtjang laoek reja tjoetjoek, leuwih hade laoek émas atawa kantjra, gëde sarta pélém! Tjakakak ngarép-ngarép kantjra, wéleh hanteu tempong, beuki beurang ngintipna; tina éngeus beurang laoek laleutik oge hanteu aja, tjakakak soesah atina, laoek leutik hanteu diala, laoek gëde hanteu aja. Geus kitoe aja kantjra nènggak di tengah, tjakakak ngomong: Lamoen di sisi sija disambér koe aing! Tapi laoek kantjra hanteu daekeun njisi. Tjakakak batì soesah bae, toeloej hibér lengoh, di sawah manggih bangkong, disambér beunang, tjakakak soeka ati, karana bangkong teh hanteu gagal.

Hartina ijeu dongeng: sagala kalakoean oelah kaleuwihan, lamoen aja pirédjékien atawa kaoentoengan noe énggeus tempong, oelah diliwat, tina sok hese deui kapanggihna. Moro djoelang ngaleupaskeun peusing.

## 67.

DOEWA EMBE LALAKI, HIDJI AWEWE.

**B**mbe awewe njaho jen aja ēmbe lalaki keur diadoe, hajang ngarapihkeun, tapi teu digoegoe, katjida angkeuhna ēmbe awewe teh, nijatna hajang ngarapihkeun; ngomong sadjro pikirna: „lamoen dihalangan bowa lilir napsoena.” Sabot ēmbe lalaki ngawahan rek neunggar, dihalangan koe ēmbe awewe tēngah-tēngahna, nēmpoeh barēng neunggarna, ēmbe awewe ambroek paeh babar pisan.

Hartina ijeu dongeng: ngingētan ngarah roentoet hade pisan, tapi masing jatna, lamoen njapih noe keur pada ambék, asoep bongan, radjeun tiwas sorangan.

## 68.

MONJET.

**A**ja monjet datang ka ēnggon toekang oekir artja di leuweung, heran nendjo kaāloesannana roepa-roepa; di-tēgskeun dioelak-ilik, wantoening artja tangtoe tjitjing hanteu bisa obah. Monjet ngomong ka artja: nja hade roepa maneh, ngan tjatjadna bodo, teu boga akal sagēde tongo.

Hartina ijeu dongeng: roepa kasep kaoengkoelan koe ka-pintēran.

## 69.

ANDJING DJEUNG TOEKANG DJAGAL.

**M**angsa toekang djagal keur ngeureutan daging, aja andjing datang njatoe daging beunang ngeureutan, sakeureutina talēnan, gantjang dibawa loempat; dioedag koe toekang

djagal, bari ditjarekan pokna: eh andjing, sija ngan sakali ijeu bae bisa maling daging anoe aing, ka hareup mah aing bakal ati-ati, soepaja sija oelah bisa maling deui!

Hartina dongeng ijeu: saha-saha noe ēnggeus katjingtjirihi, sok djadi pinterna, batu djalan tina roegi.

## 70.

## DJALMA MOERKA.

**A**ja hidji djalma boga kēbon, dipēlakan djeroek paseh satangkal, leuwih amisna; oenggal-oenggal dipopeo reja beubeunangannana ladang djeroek; djeung manehannana beuki katjida kana djeroek teh; tapi tatjan tibra pikirna: reh eta tangkal djeroek tatjan dipindahkeun ka boeroeannana deukeut imahna. Toengtoengna dititah dipoetér; baréng dipindahkeun toeloej aloem, lawas-lawas paeh pisan.

Hartina ijeu dongeng: saha-saha noe karejaän teuing polah, loewangna sok manggih tiwas.

## 71.

## SAPI DJEUNG LAEUR.

**A**ja hidji laleur eunteup dina tandoek sapi, omongna: Naha kami wani-wani eunteup dina tandoek, sapi maäp bae, tapi lamoen matak beurat matak ridek ka maneh, kami meureun gantjang bae hibér deui. Wangsoelan sapi teh: Ontong djadi pikir, sabab teu karasa koe kami dieunteupan koe maneh teh, maneh hibér ge teu karasa.

Hartina ijeu dongeng: kaleuwihan laleur eta djadi sindir

ka djalma oedjoeb rijā, pirang-pirang djalma boga rasa hade,  
pintér, kasep, bědas, tapi saěnjana mah hanteu pisan-pisan,  
noe leuwih mah ngan goesti Allah.

---

## 72.

## TJAREUH KADOREWA ANAK.

**A**ja tjareuh kadoewa anak, ti peuting asoep kana parandje hajam, seubeuh njatoean, djago, bikang djeung anak-anakna geus patoelajah. Tjareuh anak sědja mejakkeun hajam saparandje, bapana njarek: Karěp maneh kitoe hanteu hade, rěwog sarta hawěk, hanteu nijat ngagehan, pedah aing geus kolot njaho di hade goreng, djadi leuwih hade montong dibejakkeun kabeh, anggoer balikan deui bae peuting isoek. Anakna ngawangsoelan: Karěp koelamah rek dibejakkeun ajeuna bae, lamoen kitoe karěp bapa lain pintér, asoep bodo, karana lamoen peuting isoek dibalikan deui, tangtoe noe boga ingon-ingon ijeu geus tjaringtjing, sabab geus njahoeun lampah oerang ajeuna, tangtoe isoekan mah ngintip, ngarah ka oerang; koela mah soepaja seubeuh ajeuna bae, kapake dalapan poweeun hajang njatoe. Sanggeus ngomong kitoe, pada ngaladjoer karěpna, tjareuh anak rosa njatoeannana, bejak ka toelang-toelangna, něpi ka kaměrkaän, toeloej paeh. Tjareuh kolot toeloej balik, ari reup peuting balik deui kana parandje tadi teh, sědja ngadroedjoer karěpna, noe boga parandje geus tjaringtjing, njoempoet di balik panto lawang parandje teja, barěng rek bidjil, tjareuh teh diteunggeul toeloej paeh.

Hartina ijeu dongeng: djalma sapangkat-pangkat oemoerna pada boga katjatjad: noe ngora tara seubeuh koe kaboengahan, karěpna ngan hajang seubeuh saharita bae, arang-arang noe

ngora mikirkeun ka bareup; noe kolot tara beunang diingéstan koe noe ngora, rasa maneh geus reja loewang; noe kitoe pétana salah doewanana.

## 78.

### BABASAN DJEUNG KAWIH.

**A**ja doewa boedak lalaki, pada tatangga bae, noe hidji ngaranna ki Sëntot, noe hidja deui ki Gombak. Ki Gombak reja kanjahona dina paribasa atawa woeroek-woeroek, samalah koe ki Sëntot oge reja anoe ditoeroetan pamaghananana ki Gombak, sarta ki Sëntot mah lain ngadji paribasa bae sarta djeung pek dilampahkeunnana. Lain tjara ki Gombak, rémén ngomong, kijeu pokna: Isoek-isoek hade pisan lamoen digawe. Tatapi oenggal isoek bae ki Gombak sok hoedang kabeurangan. Djeung deui rémén ngomong kijeu: „Boedak daekan bélérésih, tangtoe dipikaäsih koe pada djélëma;” tatapi ki Gombak ana ka iskola sok make badjoe bélëwoek (ROTO), matak idjid anoe nendjo. Djeung sok ngomong kijeu: „djélëma témén wékél matak djadi kaboengahan;” tatapi manehna moemoelan tara digawe.

Hartina dongeng ijeu: lamoen boga kabisa atawa kanjaho, diomongkeun bae hanteu djeung pek dilampahkeun, tjoemah taja pedahna, ari hadena piwoeroek atawa omong anoe hade, eta koedoe djeung dilakonan, soepaja kapanggih pihasileunnana.

## 74.

### TANGKAL BOEWAH.

**A**ja doewa boedak lalaki, ngaranna noe hidji ki Sardi, noe hidji deui ki Djéndoel, rek oelin ka pilémboeran. Baréng deukeut ka lémboer anoe diséđja, manggih aki-aki keur mélak pétetan boewah di pakarangannana sorangan,

sēmoena sarēgēp katjida. Ki Sardi ngomong ka batoerna, pokna: Djēndoel tendjo aja aki-aki keur mēlak tatangkalan noe tanggēl piboe wahaneunnana, taksiran kami eta aki-aki oemoerna geus liwat tina dalapan poeloeh taoen, tapi boga pikir ngarēp-ngarēp dadaharan boewah eta noe keur di-pēlakkeun; karēp noe tjara kitoe tanggēl pisan. Sanggeus ngomong kitoe, ki Sardi toeloej bae nanja ka aki-aki teja, ari pokna: Aki, eta pagawean aki kitoe, rasa kawoela mah geus teu pantēs, leuwih hade serenkeun ka noe ngora bae, noe pandjang keneh oemoerna, soepaja kadagoan gēdena sarta kapoeloek boewahna eta pēpēlakan teh; ajeuna aki mēlakkeun tatangkalan anoe tanggēl tjara kitoe, moal hasil, krana oemoer aki ngan kari saeutik deui, etā pēpēlakan teh hamo kadahar koe aki. Aki-aki ngawangsoel: Lérēs pisan kawoela geus kolot ta mah, nanging pikir kawoela, oepami kawoela paeh samemeh ijeu pēpēlakan kawoela boewahan, sakersa Goesti Allah tangtoe djadi, krana Goesti Allah hanteu kasamaran, naon-naon anoe didjadikeun aja hikmatna, tapi kawoela ngalakonan wadjbina hiroep bae, toetoeloeng ka noe sedjen; djeung deui sampejan oge oelah mastikeun pandjang keneh oemoer, krana oenggal powe oge geus tangtoe koerang oemoer sampejan, mana ari hiroep meungpeung ngora keneh sampejan koedoe ngalampahkeun amal sae, soepaja oelah sijeun maot.

Hartina dongeng ijeu: djēlēma hiroep koedoe bērsih, ari ngalampahkeun gawe koedoe noe aja pedahna, geus tangtoe aja hasilna, matak boengah di alam doenja, djeung teu sijeun paeh.

## 75.

## PAMOEDJI.

 ja hidji boedak lalaki ngaranna ki Alim, geus oemoer tiloe wēlas taoen, sēdjana hajang djadi toekang mapas

kai. Ari geus lawas hajangeun djadi toekang prabot kai-kai aloes, toeloej dianteur karépna koe bapana, diasoepkeun djadi batoerna ki loerah bas, noe geus kaséboet bisa sarta aloes djidjieunannaña. Baréng keur aja di djéro imah loerah bas, ki Alim katjida heran atina, nendjo dangdanan warnawarna sarta araloes, djijeun eta ki loerah bas, djeung djieun batoer-batoerna noe geus roepa korsi, medja, atawa kénap; saroepana dangdanan pinoeh di imahna ki loerah bas, omongna ki Alim: kami lamoen geus bisa dangdan tjara kitoe aloesna, boengah témén ati kami. Njaoer ki loerah bas ka ki Alim: Lamoen témén pikir maneh hajang bisa, koedoe daekan sarta koedoe titen katjida kana roepaning dangdannan, ngarerekepna, tatahannana atawa ngantjingna; laoen-laoen oge bisa. Ki Alim oenggal powe digawe di imah loerah bas, ki Alim ngomong di djéro ati: »kami lamoen boga imah tjara kijeu aloesna boengah témén nja ati.” Baréng ki Alim njaho jen loerah bas tampa doewit loba sarta njaho pameulina kai, noe dipake dangdanan, pikirna ki Alim: »kami lamoen geus djadi loerah bas boengah témén nja ati.” Oenggal powe ki Alim kitoe bae pamoedjina, ki Alim teu roemasa jen pamoedji kitoe taja pedahna, sabab ngan moedji bae hanteu djeung pek digawe, soemawonna nitenan salang-soeroepna eta dangdanan, teu pisan ngalam-pahkeun; ari pangarahna hajang bisa ngan daek moedji bae, ari kana gawe ēmboeng nitenan.

Tégésna dongeng ijeu: saha-saha djéléma noe tjépét běnér nitenan roepaning dangdanan, daekan témén sarta wékél, toer asrah ka Pangeran, geus tangtoe bae manggih bagdja, lain pamoedji noe ngabidjilkeun daradjat teh, karép djeung pek lampah migawena.

## 76.

MANOEK GAGAK.

**K**ijai Djarwa boga hidji anak lalaki, ngaranna ki Sidin, keur oemoer sapoeloeh taoen, ari ingon-ingonna gagak. Bawaning geus katjida lindeukna, diaboer bae, nadjan hibér djaoeh ge teu toeloej minggat. Ki Sidin boengah katjida, sabab eta gagak bawaning lindeuk bisa niroe-niroe djélëma, ngomong sakétpap doewa këtjap, tatapi ki Sidin tjoewa saeutik ka gagak teh, krana ari nendjo doeit toeloej bae dípatjok diroewang dina taneuh. Ari gagak keur kitoe polahna, ki Sidin sëmoena moerang-mareng gareték kana gagak, sarta toeloej nanja 'ka bapana: Bapa naon sababna eta gagak sok njokotan doewit, krana rasa kawoela, ari noe kasëboet manoek mah doewit eta taja pigaweeunnana, moal tjara djélëma?

Wangsoel bapana: Bénér Sidin omong maneh kitoe, moenggoehing manoek gagak doewit eta taja pigaweeunnana, tatapi aja oge djalma tjérédik moerka, nja tjara kitoe pamolahna, rèsép ngampihkeun doewit bae, sarta soehoed ngoempoélkéunnana, manehna oge ari rek make njaäheun, soemawonna mere, noeloeng ka noe miskin, hanteu pisan, ngan rèsép ngampihan bae; eta noe kitoe beunang disëboet boeroeng, sabab hajang djadi djoeroe simpën bae, lain hajang boga, keur noeloeng atawa keur pakeeu sorangan.

## 77.

DJELEMA SIGA REK NGANIAJA.

**K**eur mangsa oesoem tiris katjida aja hidji djélëma awewe miskin, ngagidir bawaning tiris bangët, teu kadoegaeun leumpang, nangtoeng deukeut kareta sewa, reja

noe noempakan eta kareta, karépna rek ka kota sedjen. Eta noe miskin ngomong ka koesir, noeroet toempak kareta, tatapi teu make majar něpi ka imahna, sarta karoedjoekan koe toewan-toewan anoe toenggang kareta, malah-malah ngabantoean ngomongan ka koesir, soepaja daekeun ditoeroetan, tatapi eta koesir émboengeun ditoeroetan, sarta ngawangsoelna songong, pokna: Ari teu aja bajarannana mah, narah bae ditoeroetan. Ari geus kitoe noe toenggang kareta kabeh pada garetekeun, sabab koesir nganaja, eta koesir pada ngarentog pada njésédék koe noe toenggang kareta. Baréng geus disanggoepan bajarannana koe noe taroenggang kareta, toeloej eta awewe teh ditoempakkeun kana kareta. Sanggeus toempak kareta, katingali koe toewan-toewan, jen koesir mere ngindjeum haroedoem, djaba tina haroedoem toeloej dibere doewit eta awewe teh koe koesir. Ari doewitna panambah bajaran pedah noeroet toempak kareta teja toeloej dibikeun ka awewe, tjarek koesir teh: Saoepama kami teu menta tambah oembalan, ari datang ka imah maneh naon anoe di hakan? noe di pikir koe kami ngan pihakaneun maneh. Baréng katingali koe toewan-toewan jen koesir kitoe polahna, toewan-toewan kaget sarta sémoe lingsém koe koesir teh; pedah tadina bahe teuing saoer ka eta koesir, kabeh pada njésédék; toewan anoe hidji njaoer ka batoerna toenggang kareta: Sampejan saréng kawoela meunang njaho di loewang, pérkara kalakoean djélémá oelah gantjang njawad soemawonna njarekan kana polah noe lijan, koedoe njaho heula di pitoengtoengeunnana.

Tégésna dongeng ijé: sagala kalakoean manoesa, noe kadjeueung atawa noe kadenge, oelah roesoeh-roesoeh ditjawad atawa dinjanaän hanteu patoet, sabab kadadjadian-nana loba anoe salah tina panérka maneh.

## 78.

## BATOE.

**A**ja koesir, ngaranna ki Saptoe, toempak kareta, loba momotna, ngorang djalan djeblog, koedana mogok kabeh. Koesir teh kérěp pisan mětjoetannana koeda sarta barina ngahaok ngahajoehajoe leumpang kana koeda kareta, tapi pamětjoetannana djeung panghaokna taja gawena, koedana bebejakan tanagana narik kareta, tapi kareta wéleh teu daek madjoe. Koesirna bebejakan mětjoetannana bari ngahajoehajoe, manan madjoe kareta anggoer pětjoetna potong, karetana mah teu ngeser saeutik-eutik atjan tina énggonna mogok.

Aja hidji djélémá ngaliwat ngeureunkeun ka noe keur mětjoetan koeda kareta, sarta bari ngomong ka koesir, pokna: Hanteu kaběněran lampah sampejan teh, hojong kěntjěng boeroeng kěntjěng; tjoba lamoen dipariksa. heula mah sarta lampah sareh, eta pěrkara noe matak měntog kana kareta, lamoen geus oeninga anoe matak mogok kareta, tangtoe kareta sampejan hamo eureun; sabab batoe noe matak měntog roda kareta. Ki koesir tjitjing bae, teu lemek-lemek, bari sěmoe era. Ari geus kitoe koesir teh toeroen njingkahkeun batoe, noe matak njangkol kareta teja, kěbat koedana narik kareta. Omong ki Saptoe kijeu pokna: Lamoen djélémá rek ngalampahkeun pagawean anoe hese, oelah bari djeung napsoe, hadena koedoe djeung sareh bae sarta koedoe nitenan anoe djadi pamangkaän atawa halangan.

## 79.

## BATOER DOEWA.

**A**ja noe boga batoer doewa, leumpang ka pilémboeran, ngiring djoeragannana. Ari djoeragannana toempak koeda hideung sarta aloes, ari noe ngiring badarat bae, bari

njoeroeng padati leutik, momot barang. Dina mangsa harita panas bangët katjida, wantoening ngambah djalan keusik; ari batoerna noe hidji geus kolot djeung teu pati tjageur, noe matak koerang tanagana, ari bagiannana njoeroeng padati leutik, anoe loba momotna, djadi kahalangsak katjida ngiring djoeragannana teh.

Dëmi noe hidji deui dadasar ngora keneh sarta tjageur, bëdas katjida panjoeroengna, ngeunaheun bae, karasa enteng, samalah njeungseurikeun bae ka batoerna noe kolot teh. Anoe kolot teh ngomong ka batoerna noe ngora teja, kijeu pokna: Sapedah maneh tjageur sarta bëdas, wantoening keur ngora, hajoe oerang toekeuran njoeroeng sakeudeung bae, padati kami koe maneh soeroeng, padati maneh koe kami soeroeng; sababna padati maneh hampang, saeutik momotanna, katjek beurat koe padati kami, reja momotannana, bawaniing beurat, kesang kami wani ngoetjoer, ari maneh ditendjo koe kami tatjan ngarasa tjape.

Batoerna noe ngora lemek: Énja bae kami tatjan tjape, sabab anoe dipalar teja oge hajang oelah tjape, dëmi babawaän maneh beuratna ngoengkoelan bawa kami, sarta geus koerang karosaän maneh, eta mah njé kadjeun teuing, kami mah teu rek open, kahajang maneh koedoe ditoeloeng njoeroeng, kami émboeng noeloengan ka maneh.

Ana geus diwangsoel kitoe koe noe ngora teh, eta batoer kolot katjida soesaheunnana, toeloej ngeureujeuh sakadoegadoegana, nangankeun maneh njoeroeng padati, tapi beuki lila beuki katjida tjapena, malah katinggaleun bae koe batoerna noe ngora teja; ari toengtoengna broek bae nambroe batoer kolot teh. Ari djoeragannana anoe toenggang koeda teh aja heulaeun anoe njoeroeng padati, teu pati djaoeh ti badegana, barëngna katingali badegana mopo, toeloej njampeurkeun, badegana noe mopo dititah toempak padati, padati doewa

dirangkěp disoeroeng koe saoerang bae, koe badegana noe ngora teja. Ngomong bari njoeroeng, pokna: Nja běnér tjarek paribasa, saha-saha teu daek toetoeloeng ka noe sedjen, sok rěměn manggih kasoesahan gěde.

## 80.

## PAHILI DJALAN.

**A** ja doewa boedak oerang lěmboer, awewe, ngaranna nji Sijěm, noe hidji deui ngaranna nji Dijěm, dititah koe bapana ka pilěmboeran sedjen, djaoehna lalakon doewa djam ti lěmboerna, ari djalanna geus ditoedoehkeun koe bapana; tjarek bapana: Oelah sambewara, lamoen teu lalawora maneh mowal kasaroeng. Eta boedak doewa toeloej leumpang, djalan ngorang pasawahan, sadjalan-djalan běger, boedak awewe doewanana ngalengkahna tingdjarěngket bari sisindiran, ari lila-lila ngarasa jen kasaroeng, geus kitoe nji Sijěm ngomong ka batoerna pokna: Dijěm koemaha oerang ari geus kijeu, rasa kami mah lamoen toeloej bae noeroetkeun djalan ijeu, mowal datang ka lěmboer noe disědja teh. Wangsoelan nji Dijěm: Ari kitoe mah hajoe oerang pada balik deui bae, nejangan djalan anoe běnér, lamoen noeroet kana djalan ijeu hamo boeroeng kasaroeng. Boedak awewe doewa toeloej baralik deui ka oeroetna, nejangan djalan anoe běnér sarta kapanggih djalan anoe běnér teh, teu pati lila lěmboerna tempong, tatapi nji Sijěm sapandjangna leumpang malik ka toekang, repeh bae teu ngomong-ngomong, kawas aja noe dipikiran; nji Dijěm nanja ka nji Sijěm pokna: Sijěm koe naon anoe matak repeh bae, teu ngomong-ngomong, kawas aja noe dipikiran? Wangsoelan nji Sijěm: Keur mangsa oerang roemasa jen kasaroeng, ari geus kitoe oerang toeloej balik deui, nejangan

djalan noe běnér, ari omong maneh lamoen ditoeloejkeun bae oerang tangtoe kasaroeng, eta noe koe kami dipikir dina djéro ati, sapirang-pirang lobana djélëma noe kasaroeng, tina sabab njingkahan djalan kaoetamaän, ngorang djalan kadorakaän, anoe noengtoen kana karoeksakan, sanadjan ēnggeus karasa oge jen pikasaroengeun, tapi reja-reja djélëma sok ditoeloejkeun bae.

Tégésna dongeng ijeu: lamoen maneh ngorang djalan anoe teu běnér, noe bakal ragrag kana kadorakaän, samemeh asoep kana kadorakaän, koedoe gantjang balik deui, soepaja oelah toeloej kasaroeng.

## 81.

### DJELEMA MALARAT.

**K**i Djalidin anak djélëma malarat, djadi pangangon sowang oerang lémboer, ari dadaharannana kedjo pabaoer djeung bangsal, lalawoehna babarangan bae, ari nginoemna oenggal powe ngan tjai bae, papakeannana badag sarta geus loesoeh, katjida pisan ngénéseunnana sarta aral, malah ngomong ka ki Dama, toekang ngangon ēmbe di lémboer. ari pokna: Dama maneh djeung dewek kaäsoep kana djélëma tjlaka, sapowe djépoet ngan noetoer-noetoerkeun djeung ngaraksa sato; noe hese diingoena, ari diingtonan ngan saeutik, tanba langlajeuseun, soepaja bisa hiroep bae, satégés-tégésna djélëma anoe soegih eta leuwih bagdja, ngoengkoelan maneh djeung dewek; noe dihakan noe diinoem koe noe soegih-soegih mirasa kabeh, papakeannana araloes sarta sadija, imahna nja gëde nja aloes, teu soesah njabak gawe. Kakarek sakitoe ngomongna ki Djalidin, disëla koe ki Dama, kijeu pokna: Ari anoe soegih teja, noe ditjatoerkeun koe maneh, disëboet bagdja, ari rasa

dewek mah teu bagdja, tatjan lawas dewek ngadengekeun omongan djélëma noe soegih-soegih, eta loba noe tatjan tibra pikirna koe kasoegihannana, atawa koe dadaharan ngeunah, soemawonna ngaleueut ngeunah; ēnja koerang di-gawe, sabab tina rémén gëring, ari maneh djeung dewek tjageur bae, ēnja bae teu njatoe noe ngeunah, teu make noe aloes, tapi oepama njatoe sahewap nginoem sarégot, tjoekoep reudjeung bërkah; ari papakean geus sëdëng sakijeu bae aloesna, geus nimbangan kana pagawean anoe keur dilampahkeun koe oerang, ti peuting lamoen heës ngeunahna teu beda djeung noe kasëboet djadi ratoe, noe matak dewek sok rémén tétëmbangan, nembangkeun woeroek goeroe dewek, kijeu sëhoetna:

#### MIDJIL.

Djélma oelah panas ati teuing, hanteu paja nendjo, batoer bagdja sok djadi panastren, koedoe soekoer ka kërsa Goesti, djeung djélma noe soegih, teu beunang disëboet.

Djalma bagdja krana anoe soegih, reja noe teu pëtot, ngarép-ngarép tambah soegih bae, tégës bagdja djalma noe tiis, noe taja karisi, ngeunah njatoe-nginoem.

#### 82

#### MENDOENG POWEK.

**M**angsa dina hidji powe waktoe asar, mëndoeng powek, ngalamatan rek hoedjan gëde, oerang lëmboer ngaran Wirapatra ngomong ka tatanggana, ngaran Najawangsa, pokna: Noe katendjo koe sampejan itoe mëndoeng powék saloewarna, taksiran kawoela rek hoedjan gëde, tjai wahangan geus gëde, moal boeroeng tjaäh, kawas rek ngidjih, tjara noe geus kalampahan, datang ka ngeueum pasawahan,

matak roeksak kana pēpēlakan; koemaha akan lamoen kala-kon tjaāh deui, pikoemahaeun sampejan djeung kawoela, sarēng anak-anak kabeh, saoepama katiwasan pēpēlakan, taja pisau anoe bakal dihakan? Najawangsa ngawangsoel: Adi taksiran kakang mah hanteu téroes djeung taksiran adi, pérkara mēndoeng énja rek hoedjan ta mah, tapi moal gëde. Baréng pada keur ngomong kitoe, teu koengsi lila angin ngagélēboeg, lës bae leungit hoedjan teh, djeung mēndoengna leungit, teu toeoes hoedjan gëde.

Misilna dongeng ijeu: sarehna manoesa teu dipasihan kaleuwihan koe Goesti Allah njaho di kalakoean sagala noe tatjan kasorang kalampahkeun, ngan wadjibna koedoe përtjaja bae, oelah tjangtjaja ka Goesti Allah, sarta koedoe digawe ngalakonan wadjib, oelah rësep totorahan.

## 88.

### TJANGKOERILEUNG.

**S**i Jakoeb nendjo tjangkoerileung eunteup dina tangkal tandjoeng, ngomong ka adina awewe, pokna: Satiném tendjo manoek tjangkoerileung eunteup dina tandjoeng, aloes pisan roepana, sakeudeung deui oge meureun beunang koe kami. Toeloej si Jakoeb naek kana tandjoeng, naheunkeun pamikat dina dahan; ari geus masangkeun pamikat djoet toeroen deui, ngawaskeun pamikat, mëntjrong djeung adina noe awewe teja. Teu koengsi lila tjangkoerileung teh beunang dipikat, gantjang si Jakoeb naekan manoek anoe beunang koe pamikat; ari geus nëpi ka loehoer, si Jakoeb ngarongkong rek newak manoek, manoek ngan tiba katowel, dahan tandjoeng noe ditintjak koe si Jakoeb sëmplak, si Jakoeb ragrag, manoek anoe geus beunang leupas deui. Ari si Jakoeb bohak leungeunna, kasogok koe sëemplakan dahan

tandjoeng; si Satiném ngomong pokna: Jakoeb maneh ajeuna mah meureun kapok, moal daek naek-naek deui, sabab geus bohak leungeun maneh, ari naek deui, lamoen maneh rragrag meureun potong leungeun maneh, atawa soekoe maneh. Tjarek si Jakoeb barina seuri: Moal kapok, teu ditaheunkeun soteh pamikat teh, manoekna giras, sabab geus beunang leupas deui, tangtoe hese ngorangna kana pikat, djadi sijeunneun koe pamikat; hanteu mikat deui soteh lain koe sabab sijeun potong leungeun, atawa potong soekoe, ngan kami djadi lalar kasab, moal boga beubeunangan.

Tjarek si Satiném: Ari kitoe mah, djadi pintér manoek tjangkoerileung manan maneh, tandana teu daekeun eunteup deui ka oeroetna tadi, tina sijeunneun koe balai; ari maneh geus naradjang rragrag, meh meunang balai gëde, aja nijat rek ngorang deui.

Hartina ijeu dongeng: Saha-saha djélëma manggih tiwas saeutik, hanteu beuki pintér, sanadjan bakal manggih balai gëde oge, moal bisa njingkahan.

## 84.

○  
BELO.

**T**oewan van den Brink sore soemping ka lëmboerna, isoek-isoek ngadég di boemina deukeut djandela, ningali koeda bëlo têtégaran dina pëlak katjang tjina, ngaroeksakkeun pë-pëlakan. Toewan mariksakeun ka toekang gëdongna: eta koemaha aja koeda loeloempatan dina pëlak katjang diantép bae? Wangsoel toekang këbon: Eta koeda lain kagoengan adjëngan, poen djoeroegiling noe gadoeh koeda bëlo teh, mangga koe koering rek diboeboerak sarta noe gadoehna rek ditjarekan. Barëng nëpi ka sore, toewan van den Brink ngoeriling di panggilingan, njaoer ka toekang giling, keur nangtoeng dina lawangna, saoerna: Kami nendjo koeda

Dongeng-dongeng pieunteungeun (Soendaasch).

maneh tētēgaran dina kēbon kami, lamoen kapanggih deui koe kami tangtoe ditjēkēl, dilaporkeun ka poelisi! Toekang giling ngawangsoel barina seuri: Soemangga bae ditjandak sarēng dilaporkeun ka poelisi oge.

Barēng isook toewan van den Brink ningali deui aja koeda loeloempatan dina oeroetna kamari; manahna toewan van den Brink dilawan koe toekang giling, toeloej miwarang njokot eta koeda sarta toeloej dibawa ka poelisi. Koe poe-lisi didēngda, minangka djadi hoekoeman anoe tambelar ka tjotjoōan, ngaroeksak kēbon batoer; eta dēngdaān di-keunakeun ka toekang giling teja, sabab eta noe disēboet boga koeda, tatapi hanteu djadi, sabab kaboeroe trang jen eta koeda kagoengan toewan van den Brink. Toewan pindah bēndoena, hanteu toeloses bēndoe ka toekang-giling, bēndoena ka djoeroe-gēdeng teja, malah dēngdaānnana dikeunakeun ka-dinja, ditjandak tina bajarannana saboelaneun. Toewan van den Brink ngalahir ka djoeroe gēdeng: He djoeroe bohong! tina bohong maneh ajeuna njilakakeun ka maneh, saboelan ijeu maneh moal dibajar, sabab bajaran maneh teh dipake ngeusian dēngdaān kabohongan maneh teja.

Hartina ijeu dongeng: omong bohong teu matak bisa njait tina kasalahan maneh, anggoer-anggoer matak ngabeung-beuratan, tambah katiwasan maneh.

---

### 85.

#### EMBE LALAKI.

**B**oemi dalēm Toemēnggoeng Djajaprajatna gēde, prabotna sae katjida. Dina hidji mangsa dalēm Toemēnggoeng rek ngarsakeun amēngan, woewoeroek ka rentjang awewe, ngaran nji Mēntik, lahirannana: Kami rek amēng-amēng,

lawang imah koentji oelah mangka boeka, maneh geus rěměn diparentah kitoe, sok tara noeroet, soegan sakali ajeuna mah ngadenge kana parentah aing; lamoen teu dikoentji, bisi aja noe njajab, njokot barang dangdanpan aing. Wangsoelan nji Měntik: Soemangga diestokeun pisan timbalan. Dalém Toeměnggoeng toeloej angkat aměng-aměng; dalém geus djěngkar, nji Měntik toeloej ka soemoer ngala tjai, lawang-lawang boemi digěblagkeun bae tjara ka toekang-toekang, omong nji Měntik: „naha di loeloeroeng bět taja djělěma hidji-hidji atjan, noe tempong; katjida teuing dalém rempan manah. Sabot ngomong nji Měntik djeung boedak awewe di soemoer, aja ēmbe badot asoep ka djěro boemi, njampeurkeun kana eunteung gede, noe nanggeuh kana bilik tembok; tempong roepa ēmbe di djěro eunteung, maroekan ēmbe ēnja, toeloej rek diteunggar, barěng ēmbe ēnja ngawahan, eta kalangkangna noeroetan, heuki tarik ēmbe ēnja teh neunggar katja, rěmoek pisan. Barěng nji Měntik rek balik ti soemoer, keur ngadjоengdjoeng kělenting, nji Měntik ngadenge sora noe ngagěmbrang sada katja, gantjang asoep ka boemi, ari nendjo katja geus rěmoek, nji Měntik ngarameusan leungeun soran, toeloej ēmbe diboeboerak, sarta bari digěboegan, ari katja tea mah geus teu hade deui, tonggoj bae rěmoek.

Barěng dalém Toeměnggoeng moelih, njondong katja geus rěmoek, bawaning bangět běndoena ka nji Měntik, toeloej bae ditoendoeng, sarta bajarannana teu dipaparinkeun, sabab djadi siksaän kana lalaworana, teu ngestokeun parentah, matak noengtoen bae karoeksakan. Watěs harita nji Měntik ati atina tara koengsi dititah deui meundeutkeun lawang, tina geus kaboekti lalawora noe matak djadi balaina.

Paribasa: noe anom-anom kakara tjaringtjing djeung tambah pintērنا, koedoe geus manggih katiwasan.

## 86.

OENTJAL.

**A** ja hidji boedak lalaki ngaran si Bēgog, anak paninggaran; bapana paeh dibēdil koe djoeroedjana di leuweung, ari si Bēgog keurna leutik dimoemoele koe indoengna bae. Barēng geus oemoer doewa poeloeh tahoen noeloeijkeun pagawean bapana.

Dina hidji powe si Bēgog moro ka leuweung, mawa bēdil, reureudjeungan djeung paninggaran anoe loba, noe sok pada barogoh boeboeroe. Si Bēgog ngabēdil oentjal gēde hidji; teu kēna, ngadenge aja djēlēma sasambat dina djēro doe-ngoes, sasmbatna: „Adoeah aing keuna koe bēdil”! Si Bēgog gantjang njampeurkeun ka noe gēgēroan dina roejoek; barēng ditēmpo, aja hidji djēlēma geus kolot, lalangsoedan oetah gētih, teu lila batoerna si Bēgog anoe loba pada ngadeugdeug ka noe kabēdil, si Bēgog toeloej ngarangkoel ka noe kabēdil teh, bari tobat sarta barina tjeurik: Noe matak koela ngabēdil oentjal teu njaho jen aja djēlēma dina roejoek ijeu, djeung teu ngadenge sora djēlēma. Noe keuna koe bēdil lemek: Maneh moal soesah menta pangampoera ka kami, ajeuna kami rek moepoelihkeun sahidji pērkara ka maneh, nēpi ka ajeuna djēlēma taja noe njaho: noe maehan bapa maneh di handapeun tangkal djati ijeu, nja kami; ajeuna anakna noe malēskeun pati ka kami, nja didijeu keneh teu karana dinijatan. Sanggeusing ngomong kitoe, ari geus deukeut kana hos, njēboet Goesti Allah adil. Anoe keur pada aja didinja barēng ngadenge noe njēboet kitoe, pada ngagētēr kabeh.

Hartina dongeng ijeu: saha-saha djēlēma mihoetangkeun pati, awalahir tampa pamalēs, pangeran sipat adil moal kasamaran.

---

## 87.

## LAOEK GOERAME.

**A** ja hidji djéléma toekang ngala laoek, boga koelah hidji, teu djaoeh tina imahna, dieusi goerame loba djeung araloes.

Rémén dititah didjoewalan, noe toekang ngadjoewal ba-toerna ngaran Boegél, wadah paranti ngadjoewal tahang.

Eta si Boegél maling goerame hidji noe Démang di lémboer, diteundeunna dina koelah, ari koe si Boegél dibaoerkeun djeung laoek djoeragannana di djero tahang, toeloej rek didjoewal ka noe boga eta laoek. Baréng datang ka imahna kijai Démang, ditawarkeun ka geureuhana; njai Démang baréng nendjo goerame, toeloej bae njaoer: Laoek ijeu tina koelahnna kijai Démang, kami teu pangling roepana. Laoek toeloej bae ditjokot koe nji Démang, teu make didoewitan, malah-malah si Boegél dilaporkeun ka poelisi sarta toeloej diberok, tégés pamalingna.

Teu koengsi lawas si Boegél maling deui goerame tina balong kijai Démang teja, didjoewal ka loerahna. Baréng ditendjo koe kijai loerah, toeloej njaoer kijai loerah: Ijeu laoek beunang maneh maling tina balongna kijai Démang. Si Boegél toeloej bae diberok tiloe peuting, ngan dibere kedjo bae djeung tjai. Ari geus lèpas, si Boegél hajang njoba sakali deui, soegan aja bagdja, rek maling deui goerame gède sahidji ti balongna kijai Démang teja. Toeloej dibawa ka pasar djero nagara, didinja dikira moal aja noe njaho ka manehna djeung katjoelikaännana. Paréng aja lèbe lémboer (barangbeuli kapasar) nendjo noe dagang goerame, diilikan koe lèbe teh, toeloej lèbe teh oewar-oewar pokna: Ijeu laoek beunang maling, kagoengannana kijai Démang! Si Boegél kalaporkeun ka poelisi deui, ditrapan hoekoeman rangket.

Si Boegĕl ngomong sorangan: nja heran katjida doemadakan aja bae noe njaho, jen laoek beunang maling, ari tjirina ngan eta pepetna dibentoengan saeutik, tapi sanadjan ditjirian oge, bĕnĕrna ngan batoerna noe njaho teh, ari lain batoerna mas Dĕmang mah bĕnĕrna moal njaho, sarta tjirina hanteu pati katara. Si Boegĕl lila pisan ngilikan tjiri eta laoek.

Toengtoengna si Boegĕl ngomong: Tina awasna bae noe matak katara, karana oenggal-oenggal ngadroewal laoek beunang maling ngan kapanggih bae.

Hartina: sanadjan boeni noe maling, lawas-lawas kabitoer bae, noe matak manoesa oelah pisan boga nijat rek maling.

## 88.

### KADAL.

 ja hidji djĕlĕma randa, leumpang di sisi taji teu djaoeh tina imahna, mawa anakna leutik keneh doewa, ngaranna noe hidji si Djĕndoel, noe hidji deui si Saminah, rek ngalasan dangdaoenan. Barĕng datang ka sisi taji, nji randa lemek ka anakna: Maneh tjaritjing didijeu aroelin, aing rek ka handapeun gawir tjadas gantoeng, rek nejangan dangdaoenan. Toeloej nji randa leumpang ka handapeun tjadas gantoeng teja; tatjan koengsi lila ngadenge sora anakna awewe djĕrit-djĕrit, geuwat diboro koe nji randa, si Saminah poepoelih bari tjeurik: ēmbok aja oraj rek ngegel ka koela! Si Djĕndoel seuseurian: Lain oraj eteh, kadal loempat njirindil njoesoep kana roejoek eta.

Nji randa ngomong ka anakna: nja kadal eta patoetna hedjo sarta herang, tapi tara daekeun matjok djĕlĕma. Sapan-djang ngomong kitoe ka anakna, tjadas gantoeng teh oeroeg,

sorana ngagoeroedoeg djégoer, nji randa djeung anak-anakna kaget katjida, omongna: éh njai, hajoe oerang pada soekoer kana pitoeloeng Goesti noe maha soetji, djalanana tina kadal Goesti Allah masihan pitoeloeng hiroep ka si indoeng; saoepama taja kadal anoe matak ngadjérit si Saminah, pinasti aing paeh katindih oeroeg.

Hartina ijeu dongeng: sing-saha noe pasrah ka Allah sarta ngarép-ngarép pitoeloengna dina sadjéroning balai, eta tangtoe diraksa sarta salamét, pitoeloenging Allah tara kanja-hoan djalanna.

## 89.

### PANON-POWE.

**A**mboe Saridja sarégép pisan kana gawe. Geus wantji soeroep panon-powe di sawah keneh djeung anakna doewa, ngaranna Saridja djeung Saridjah. Baréng datang ka imahna, geus aja njajnjaj damar di amben, si Saridjah kaget katjida, lemekna: Di imah taja djéléma hidji-hidji atjan, saha eta noe njeungeut damar teh? Moal saha deui noe pinjeungeuteun damar teh, taksiran kami mah bapa, kitoe tjarekna Saridjah, tangtoe geus moelih ti dajeuhna. Toeloej bapana ditarejangan, teu lila kapanggih, eta boedak doewa pada boengah-boengah. Ari isoekna bapa Saridjah ngarit ka tégal lèga, anak bodjona mariloe, panon-powe bengras katjida, boedak doewa pada boengah-boengah; bapa Saridjah ngomong ka anak-anakna: Tadi ti peuting maneh pada bisa naksir, jen aing ditaksir noe njeungeut damar, ajeuna maneh nendjo srangenge, tjk njaho di noe njeungeutkeun?

Si Saridjah ngawangsoel: Kowoela njaho bapa, noe njeungeutkeun teh satégésna Goesti Allah. Omong bapana: Nadjan damar oge teu daekeun hoeroeng sorangan, geus poegoeh srangenge nja kitoe deui.

Tégésna dongeng ijeu: wantji beurang tempongna srangenge goeměbjar teh, nganjatakeun kaāhengan djeung koedrating Allah.

---

## 90.

## BENTANG NOE PANGHADENA.

**A**ja doewa boedak awewe djeung lalaki doeloerna, ngaranna si Katik djeung si Těmbér. Wantji sore si Katik ngomong ka si Těmbér, pokna: Těmbér! tendjo eta bentang hidji tjahajana goeměbjar sarta matak tjaäng, noe aja di langit bentang sapirang-pirang, tatapi taja noe saroewa djeung eta aloesna. Si Těmbér ngawangsoel: ēnja bae tégés aloes eta mah bentang teh, tatapi teu ngoengkoelan aloesna djeung tjaängna kana bentang isoek. Parēboet běnér paäloes-aloes bentang něpi ka pasija-sija.

Ari toengtoengna tjarek bapana: Boedak garoreug doewanana, omongan anoe diparēboetkeun teh bentang diséboet doewa roepa, lamoen teu njaho, bentang noe gěhjar-gěbjar teja lamoen tempong sore, ngaranna bentang-sore, lamoen tempong isoek-isoek ngaranna bentang-isoek; bentang hidji ngaranna doewa, tempongna di langit noeroetkeun wantji.

Hartina ijeu dongeng: reja djalma bodo, sok padoe teu poegoeh noe diparēboetkeun.

---

## 91.

## GELAP.

**A**ja hidji boedak lalaki Si Kěmis, ngadenge sora noe tjoeměloek, pokna: Kěmis, Kěmis, geuwat kadijeu! Si Kěmis gantjang bidjil tina ēnggonna njalindoeng, teu koeng-

si lila tangkal dangdeur teh disambér koe gělap. Si Kěmis bangět kagetna neuleu kai kawas djadi seuneu kabeh, tapi manehna salamět; omong si Kěmis: Sora noe njěloekan teh soegan ti langit; ēh Goesti Allah anoe maparin toeloeng ka kawoela!

Sora noe njěloekan tadi teh kadenge deui pokna: Kěmis, Kěmis, naha maneh bět teu ngadenge panjěloekan aing? Ari noe tjětjěloekan teja awewe oerang lěmboer; si Kěmis toeloej njampurkeun barina lemek: Rek aja naon sampejan njěloekan kawoela? Wangsoelna noe ditanja: Koela mah teu njěloekan sampejan Agoes, noe ditjěloekan koe koela anak koela ngaranna si Kěmis, tadina ngangon sowang ka tjai, panjana koela njalindoeng dina sisi tjai didinja, hawaning sijeuneun koe gělap, noe matak koela datang kadieu nejangan anak koela, rek diadjak balik; toeh geuning anak koela bidjil tina roejoek! Ari geus kitoe si Kěmis dajeuh tjarita ka awewe oerang lěmboer teh: Panjana koela sora noe njěloekan teh ti langit, mana horeng sampejan. Omong awewe teh: Agoes oelah salah tampa, sanadjan sora bidjilna ti oerang lěmboer; sarta awewe miskin noe tjara koela, sampejan koedoe soekoer ka Goesti Allah, sababna noe kagoengan kěrsa teh Goesti Allah, noe mangka koela njěloekan djěněngan sampejan; ari koela mah teu pisan oeninga di djěněngan sampejan kitoe. Kěmis dajeuh ngawangsoel: Ènja běnér kitoe pisan, doemadakan lantaran salamět kawoela, sampejan njěloekan seuweu, noe sangaran djeung kawoela.

Těgěsna ijeu dongeng: reja-reja djalan pitoeloeng Goesti Allah ka manoesa.

## 92.

### TOESOEK-KONDE.

**N**jai raden panganten Wira Djowana rek angkat djaoeh, kaondangan koe saderekna di sedjen nagara, angkat

baréng djeung doewa poetrana istri, sarta nitih kareta. Poetra-poetrana maridang, wantoening rek ka noe karija, midangna nganggo bënten émas patah tëboe, toesoek-konde dimataän intën; augkatna ngorang leuweung gëde. Baréng soemping ka sisi leuweung, karetana njisi, asoep ka noe bala, gëloeng poetrana kakait koe tjoetjoek noe ngarojom, gëloengna oedar, toesoek-kondena ragrag, karetana dieureunkeun sarta pada laloengsoer, narejangan toesoek-konde sabadegana kabeh. Lila nejangannana, geus kitoe katimoe toesoek-konde mata intën teh; toeloej poetrana digëloengan deui, sarta ditérapan deui toesoek-konde, meh sadjam lilana dangdan teh, poetrana sëmoe rek nangis, bawaning keuheul, rebna lila teuing; manahna sijeunneun kaporotan mangantenkeun; katjida njeuseulna ka koesir, sabab gagabah ngadjalankeun kareta.

Hanteu lila djëboel djalma toekang ngala soëloeh, loempat baroehah-harehoh, ambékauvana ngarégeh kawas noe mëngi; hatoeran ka njai raden panganten pokna: Djoeragan ajeuna kalérésan tatjan djëngkar, moegi atos-atos, masing jatna, karana di leuweung aja begal reja pisan, geus tangtoe bakal mëgat gamparan, noe matak koering loempat kadieu. sëdja ngoeningaän gamparan; pirëmpag koering madak roedjoek mah, langkoeng sae nejangan deui djalan noe sedjen bae, karana di pajoen mah kadjaga kabeh koe begal; soepami gamparan hanteu ngarandëg lila didieu, tangtoe koering kaporotan nya ngoeninga. Njai raden panganten Wira Djowana katjida narimana, ladjëng maparin doe wit ka anoe ngoeninga teh; koesir dipiwarang malikkeun deui kareta, geus kitoe njaoer ka poetrana: Njai, Goesti Allah hanteu kakorang ngaraksa ka abdina; oemoer maneh djeung oemoer iboe aja dina toesoek-konde noe ragrag, lamoen eta hanteu ragrag mah, siga moal boeroeng manggih pati, karana noe matak eureun, sabab ragrag toesoek-konde, tadi njai moe-

rang-mareng sabab lila eureun, ajeuna hajoe oerang soekoor ka Goesti Allah anoe geus maparin kasalamētan ka oerang.

Hartina ijeu dongeng: reja lantaran pitoeloeng Goesti Allah djeung reja balai saeutik matak moerang-mareng, tapi radjeun djadi lantaran salamēt tina balai gede.

## 98.

ENTJIT.

 ja toekang sapatoe doeda, boga anak awewe hidji, ngaranna nji Doenoek, nja eta noe nganjahokeun sadjeroning imah kabeh, daekan bari pintér, tatapi karésépna kana papakean noe araloes. Nji Doenoek meuli éntjit beureum opat ikét, bakal dipake takwa, saikétna harga opat oewang. tapi diakoekueun ka bapana saikétna harga doewa oewang. Bawaning bapana teu njahoeun harga éntjit, sarta anakna katjida keukeuhna menta, gantjang bapana merean. Nji Doenoek ngan ngahidjilkeun doewit dalapan oewang ti anoena sorangan, tina tjetjelengan, keur ngadjédjégan pameli éntjit. Baréng geus nampanan doewit ti bapana, nji Doenoek toeloej ka patjinan, rek majar tameuli éntjit, ari éntjitna ditinggalkeun di amben imahna. Sabotna nji Doenoek leumpang ka patjinan, aja semah datang ka imahna nji Doenoek, nendjo éntjit aja di amben, koe semah teh ditanjakeun hargana saikétna, wangsoel toekang sapatoe: Hargana larang, saikétna doewa oewang. Semah ngomong deui: éntjitna sae, didoewitan bae koe kawoela saikétna tiloe oewang. Toeloej bae didjoewal, doewa wélas oewang noe opat ikét, tameulina geus ditampanan koe toekang sapatoe, semahna geus balik sarta atoheun pisan meunang éntjit moerah. Teu koengsi lila datang nji Doenoek ka imahna. bapana gantjang bae poepoelih, pokna: Doenoek, maneh bakal

boengah dibedjaän koe aing, sabot maneh leumpang, aing ngabidjilkeun bati, ᑕentjit teja didjoewal koe aing ka semah pajoe saikëtna tiloe oewang, djadi saikëtna maneh boga bati saoewang, beunang dipake meuli deui ᑕentjit noe lian, sarta noe leuwih hade. Nji Doenoek kaget bari pijas, sarta ngarëmëd-rëmëd leungeun, bari ngagaok, omongna: eh roegi katjida! Bapana ngarti jen dibohongan koe anakna, ari geus kitoc toeloej bae nji Doenoek ngakoe barina tjeurik, jen eta ᑕentjit beunang meuli opat oewang saikëtna, djadi roegi dina saikëtna saoewang Tjarek bapana: Roegi eta djadi hoekoe-man bohong maneh, djalan kaloepoetan maneh sorangan kaleungitan doewit, beunang maneh maling, eta doewit anoe dalapan oewang noe dibikeun ka maneh teja, katangen tina doewit ladang ᑕentjit ti semah, sarehna maneh ngabobodo ka aing, tatapi aing hamo mere deui doewit ka maneh pikeun meuli ᑕentjit.

Hartina ijeu dongeng: djalma tjidra djeung bohong eta moal manggih kadaradjatan doenja; koedoe témén djeung sareh, geus tangtoe diadjenan koe djalma.

## 94.

## EUNTEUNG.

**A**ja awewe, ngaranna nji Soeli, gede ambékna sarta ba-rangasan. Ari indoengna rëmën mamatahannana, koe hajangeun djadi sabar anakna sarta aloes sëmoena, teu noeroet bae ka pamagahan indoengna. Parëng dina hidji powe nji Soeli papasaran ngahareupan tjowet dieusi kékëmbangan warna-warna, ari doeloerna lalaki bĕbĕntoeran koe boetoe, keuna kana tjowet, beulah. Nji Soeli bangët napsoena, matana boeboentjélikan bari dĕlak-dĕlek, beungeut bangkëroet bari beureum, datang ka djadi goreng roepana. Indoengna njokot

eunteung dihareupkeun kana beungeut nji Soeli; kaget nji Soeli nendjo roepana dina eunteung, napsoena leungit. toeloej tjeurik, indoengna lemek: Saäjeuna maneh geus njaho di roepa sorangan, roepa noe keur katjida napsoena, něpi ka matak goreng beungeut, lamoen maneh masih keneh sok ambék tjara kitoe, tangtoe beuki leuwih goreng bae beungeut maneh; noe roepa manis teh leungit. Ari geus kitoe karasa koe nji Soeli, sabisa-bisa ditjégah napsoena; toengtoengna ambékna djadi sareh, sarta beuki geulis patoetna; indoengna teu wéleh magahan, pokna: eulis, napsoe djeung boedi sareh, eta aja kadadjadiannana, saperti panggawe goreng djeung panggawe hade, nja kitoe keneh bae.

Hartina ijeu dongeng: napsoe eta katjiri dina beungeut, matak salin roepa kamanisan, ganti kahaseuman; djalma lamoen hajang manis oelat, oelah gëde teuing ambék.

---

## 95.

### ALI-ALI MATAK KAOENGJOEN.

**A** ja hidji soedagar, ngaranna kijai Wirałaba; angkat dagang ka tanah Sabrang. Bawaning gëtol sarta pintér něpi ka djadi soegih katjida. Kira geus rada lawas, moelih ka nagarana; barëng meuntas tina parahoe, ngareungeu jen saderek-saderekna keur soekan-soekan, dahar ngeunah, toeloej disampeurkeun kana ēnggonna soekan-soekan, tapi kijai Wirałaba teu salin heula panganggo; panganggonna noe dianggo oeroet panganggo di djalan bae, geus bëléwoek kabeh. Barëng dongkap kana ēnggon soekan-soekan teja, katingal tjaäng, damarna ratëng. Ari saderek-saderekna, sapedah kasoempingngan anoe kakara soemping ti sabrang, teu pati boengah, sakitoe geus lila teu papanggih, tina katendjo panganggonna teu sae, ditaksir jen malarat.

Kijai soedagar kagoengan badega, oerang Kodja saoerang, bawa ti Sabrang, eta Kodja katjida heranna nendjo saderek-saderek djoeragannana koerang taälimna sarta koerang soekana, sëmoe dikaradjunkeun koe sakabeh; omong Kodja ka djoeragannana: Djoeragan eta djalma goreng kabeh bae, sabab taja noe roemësëp ngabagejakeun ka sampejan, sapelah papisah lawas. Djoeragannana njaoer: énja darëgig pisan, pada njijeun adat anjar. Toeloej njandak lelepen intën tina pesak koetang, heg dianggo; teu lila saderekna pada salin oelat djeung sëmoe, sarta pada njalampeurkeun ka kijai Wiralaba; aja noe njékél panangannana, aja noe ngarang-koel, aja noe ngoendjoengan paheula-heula, koe hajang dipikaäsih koe kijai soedagar. Oerang Kodja teh naros ka djoeragannana bari sëmoe kaget: Koemaha eta lelepen teh, boga pangawasa, matak kajoengjoen ati djalma? Kijai Wiralaba njaoer: Lain boga pangawasa, ngan dipake tanda bae ali intën teh; samangsa noe make ali intën tangtoe beunghar, sababna eta koe doeloer-doeloer kami kasoegeihan anoe dipake agoel, dileuwihkeun tina kaoetamaän. Kodja njëboet: eh djalma noe pada pibanda, tegësna lain ali noe pantës koe maneh diadjenan teh, keedoe noe kagoengan ali, njatana maneh eta djadi djalma kalipoetan koe doenja, tandana aja batoe hoeroeng tjara kitoe bae lain sisiwo diadjenannana; djoeragan noe hade galeuhna sarta satëmënna hanteu diakoe, samemeh nganggo ali.

Hartina ijeu dongeng: eta djalma hade disëboet moerka, lamoen sono djeung papakean, lain sono djeung doeloer atawa djeung sobat.

## 96.

### TAKWA ANJAR.

**N**ji mas adjëng Mandrawara kagoengan poетra istri hidji, kakasihna njì mas Rarabëroek, dipangdamëlkeun raksoe-

kan takwa čentjit aloes, anggoeun gěmpoengan, noe ngabědah toekang kapoet. Barěng wantji soeroep panonpowe toekang kapoet datang, nganteurkeun takwa geus anggeus dipigawena, toeloej dianggo koe nji mas Raraběroek; meudjeuhna pisan taja kakirangannana. Katjida boengahna nji mas Raraběroek. Saoer iboena: ěnggeus, geura njokot doewit bae keur mere oepah ka toekang kapoet, tapi koedoe mawa tjomong, sabab geus rada powek. Nji mas Raraběroek toeloej asoep ka boemi, tapi teu ngestikeun woeroek iboena, asoepna teu njandak tjomong, toeloej titadong kana djodjodog, tisoeksroek kana gěntong minjak, raksoekan anjar lantis koe minjak; iboena njampeurkeun bari njaoer: Tah nja kitoe djalma sok moerang parentah, kitoe kadjadiannana! Isoekan rek gěmpoengan, ari maneh make badjoe geus boeroek, lamoen tatjan něpi ka oesoem lěbaran deui moal wara dipangnjieunkeun deui badjoe takwa! Ramana asoep ka boemi ngawoeroek kijeu saoerna: Djalma goreng rěsěp loemakoe di noe powek, njingkahan anoe tjaāng, wawawoehan djeung noe bodo, nganggangan ka noe pintér, eta tangtoe bakal njaho di kaboektiannana.

Hartina dongeng ijeu: boedak bangor, noe taro ngagoe-goe ka papatah kolot, kadjadiannana mangke karasa koe manehna, geus boekti manggih tiwas atawa kawirangan.

## 97.

DJAS.

**K**eur mangsa aja pěrang gěde loba sěrdadoe arasoeper ka pilěmboeran, marentah ditoedoehkeun djalan. Dina eta lěmboer aja hidji somah miskin, dititah noedoehkeun djalan. Keur waktoe harita parěng tiris katjida, sarta anginna ngagělēboeg, noe miskin teh ngindjeum djas noe kanděl

ka oerang lémboer didinja, tatapi teu aja noe mere ngindjeumkeun, ngan aja hidji djalma asalna djalan boenijaga , djalma kakaboeran pérang, tjitjing di lémboer eta, mandaj, ngan eta noe wélaseun ka ki miskin, ngindjeumkeun sahidji djas geus boeroek. Séradooë tbeloej leumpang. Ari ti peutingna aja oepsir hidji tjalik ka lémboer eta, panganggona sarwa hoeroeng-herang, sarta nganggo bintang, moendoet ditoe-doekehkeun kana imahna noe ngindjeumkeun djas teja ka noe miskin noe noedoehkeun djalan teja. Baréng datang ka imahna ki pandaj, ki pandaj nendjo oepsir toeloej ngagowak pokna: Adoeh anak aing! bari dirangkoel digalekan. Oepsir teh nja eta anak pandaj, asalna asoep djadi séradooë, lawas-lawas bawaning leuwih akalna djeung hade gawena, sarta këndël wawanenna, nëpi ka dipangkatkeun oepsir; ari bapana tadina djadi pandaj di lémboer gëde, tapi anakna geus teu njahoeun di bedja-bedja atjan, ngan teu pangling nendjo kana djas geus boeroek, noe dipake koe noe miskin teja, djeung ngadenge tjaritaän eta noe miskin, jen bapana mér- nah di lémboer eta.

Bapa djeung anak pada tjareurik, toengtoengna djadi leuwih boengahna.

Batoer-batoerña noe aja didinja pada ttipanonan. Oepsir teh mondok sapeuting di imah bapana, ngomong blas datang ka beurang, ari rek mangkat ninggalan doewit ka bapana, bari njanggoepan, jen bakal ngagadjih.

Djalma noe aja di lémboer eta pada ngomong kijeu: „eta pandaj asalna boga kawëlasan, noe matak diwëlasan koe Goesti Allah, dipapanggihkeun djeung anakna, noe bakal njait tina kamalaratannana.”

Hartina ijeu dongeng: saha-saha noe rèsëp noeloengan anoe kasoesahan, tangtoe aja wawalësna, pitoeloeng Goesti Allah.

## 98.

## TAROEMPAH.

**A**ja noe miskin, ngaranna bapa Wéntah, gawena ngaganon émbe. Ari kamiskinannana datang ka teu koewat meuli taroempah koelit atah, soekoena bëbëlakeun. Dina hidji powe bapa Wéntah kadatangan semah saoerang, asal djalma geus rémén asoep ka berok, lantaran sok maling, ngomong kijeu: Kaoentoengan kami mah loba pisan, maneh bapa Wéntah oerang sagawe bae djeung kami, ari daek mangke dipangmeulikeun taroempah weuteuh, njobrang, noe djéblog atawa batoe noe rotjop moal njéri soekoe maneh. Wangsoelna bapa Wéntah: eta teu pati dipikir koe kami, teu make taroempah oge loeloes bae, masih loba kaoentoengan ge, ari tina lakoe teu bénér, matak teu hade, mënding bëlokan soekoe, manan ati rëgëd koe doraka mah!

Hartina dongeng ijeu; mënding saeutik kaoentoengan, noe sarta djalan bénér; gëde oge kaoentoengan, ari tina djalan salah, tangtoe tereh tjilaka.

## 99.

## PAKOE.

**P**andaj ngaranna kijai Pangajah, gëtol digawe, datang- datang ka soeroep matapowe teu ngarasakeun hese tjape. Ari batoerna sapakarangan djalma soegih, boga anak lalaki, ngaran ki Sadana, oenggal powe gëtol ngandjang ka kijai pandaj, nendjokeun anoe keur digawe. Dina hidji powe ki pandaj ngomong ka ki Sadana: Agoes panganggoeran bae sampejan soegan kërsa diadjar njijeun pakoe, oepama sampejan geus jasa, eta pakoe aja pidaméleunnana. Ki Sadana noeroet; toeloej bae njanghareupan tahanan, diadjar njijeun pakoe, lawas. lawas bisa. Barëng geus lawas, ki Sadana kataradjang miskin,

Dongeng-dongeng pieunteungeun (Soendaasch).

tina sabab roesoeh aja pěrang, toeloej leumpang kaloentaloenta, tjitjing di lěmboer sedjen, djaoeh lalakonna ti nagarana. Dina lěmboer eta pakoe loba kapakena, samangsa keur aja gawena eta pakoe, oerang dinja mareuli ka nagara sedjen. Ki Sadana ingět kana kabisana njijeun pakoe, toeloej nawarkeun gawena ka oerang lěmboer didinja, jen sanggoep njijeun pakoe; geuwat dipangnjijeunkeun gosali, rěmpoeg salěmboer didinja, pada soeka ka noe bisa njijeun pakoe. Ki Sadana geus děk neupa, loba kaoentoengannana; ki Sadana ngomong sorangan: beh namah djalma hiroep eta nja koedoe boga kabisa teh, kami kabisa teh ngan njijeun pakoe, teu boeroeng makajakeun ka awak sorangan, kami ngoengkoelan di djaman tadi; kabisa kami ajeuna oepama aja noe rek meuli tiloc rewoe roepija, moal ditjoelkeun; banda kami pirang- pirang rejana teu beunang dibawa-bawa, lain tjara kabisa, di mana tjitjing aja gawena.

Hartina ijeu dongeng: pangabisa eta masih saeutik, lamoen dipake těměn, bisa mawa kaoentoengan gěde; djeung deui djalma tara ridee koe pangabisa.

## 100.

### KANTEH.

**A**ja landjang ngaranua nji Saminah, sangkir ngeujeuk, gawena nganteh, geus meunang opat lima toekěl noe ditjitoewaran. Aja saoerang landjang tatanggana, ngaran nji Bogěm, sok rěměn ngabantoean digawe molah kanteh ka nji Saminah. Geus kitoe nji Saminah leungiteun kanteh doewa toekěl, noeding ka nji Bogěm, jen maling kanteh teh; toeloej diparěng ka imah, omong nji Saminah: Bogěm maneh noe maling kanteh kami teh, kadijkeukeun rek ditjangkoedoean. Nji Bogěm teu ngakoe, sarta soempah noedoehkeun kaběrsihannana; nji Saminah keukeuh pangnoedingna,

pokna: Taja deui noe pimalingeun kadjaba maneh, noe sok rěměn poelanganting ngabantoean digawe. Sakabeh oerang lěmboer pada neueul ka nji Bogěm bae, tapi teu beunang didjijeun prakara, sabab taja boektina.

Lila-lila nji Saminah njaba ka pasar barang beuli, di pasar manggih aja djalma awewe ditalian, dosana njěbrot samping, dagangan ti pasar, nji Saminah neuleu kantehna noe dipaling teja aja didinjia.

Ana dipriksa koe djaksa, trang ngakoe jen eta kanteh beunang njajab ti boeroean nji Saminah. Geus kitoe nji Saminah roemasa jen salah noedingna ka nji Bogěm, bari tjeurik pokna: Bogěm, salah katjida panérka kami ka maneh, ajeuna kapanggih noe maling kanteh teh, malah geus ditalian dibawa ka dajeuh.

Nja běnér tjek paribasa: sanadjan ditoeding maling, ari bersih mah, tangtoe kaboekti kaběrsihannana.

## 101.

### RANTE.

**A** ja hidji boedak lalaki, ngaranna si Sěmplo, katjida tjoelika-na, ngan sirikna tara maling, ěnja tara maling teja mah, tapi ari boga titimoean, sanadjan njaho oge di noe boga, eta noe katimoe koe manehna, toeloej dipibanda bae. Wantji isoek si Sěmplo ngaliwat kaboeroeannana ki pandaj, manggih rante beusi ngagoler di boeroean eta, si Sěmplo tjoengak-tjinguek ngalijeukan djalma, bisi aja noe neuleukeun; barěng dilijeukan taja djalma, rante gantjang ditjokot, tapi dilesotkeun deui, sarta ngagowak katjida, ari eta rante satěgësna panas keneh, noe matak diteundeun di boeroean, ngarah tereh tiis; si Sěmplo leungeunna geheng; pandajna bidjil, sabab ngadenge

noe ngagowak, omong pandaj teh: tah leungeun maneh, noe sok tjoelika teh, ajeuna geheng, nja eta gandjarannana pagawean maneh, ngarah oelah koengsi maneh manggih balai noe leuwih gede.

Hartina ijeu dongeng: djadi pangeling-ngeling, njingkirkeun tjilaka anoe digélarkeun koe panggawe masiat, saperti noe njabak beusi beureum.

## 102.

TALI.

**A** ja boedak doewa di djalan paréboet tali pandjang, tali timoe; paréboet rame pisan datang ka pasiasia, sarta sili dontja, paréboet tali hidji, pada njékélan tjongo tali sapotong sewang, baréng pada narik, tali teh pégat, boedakna pada laboeh doewanana kana taneuh djéblog. Aja noe ngalihat lemek ka boedak teh: Tah nja kitoe kaoentoengannana djalma sok daekan padoe, noe dipadoekeun barang leutik, naon basilna? Taja ngan kasorang koe hina bae djeung wi-rang noe poegoeh mah, saperti maneh ajeuna boedak doewa, awak maneh tjiroek sarta bëlokan.

Hartina ijeu dongeng: mangka manis oelat, singkahan papadoean, soepaja oelah koengsi dihina sarta diwiwirang.

## 103.

ANGEUN LADA.

**B** oedak awewe ngaranna nji Képik, wantji ti beurang dada-haran djeung indoengna, ngomong ka indoengna: éma, angeun lada teh hantjer, koela mah teu beuki. Tjek indoengna: Ajeuna geura pitjeun bae, ngadadak ngangeun deui teu bisa, mangke bae dipanggodogkeun deui, diboengboean

mangka ngeunah. Sanggeus pada dadaharan, anakna noe awewe diadjak ka tĕgal ngali hoewi djeung ngala katjang, nĕpi ka soeroep panon powe, moepoena katjang djeung hoewi meunang loba, pada diwadahan koe said; ari geus soeroep, baralik, toeloej pada dadaharan deui, angeun lada noe disĕboet hantjer teja ditjitjikeun kana wadah sedjen, nji Kĕpik ngasaän angeun, omongna: Lah ijeu ngeunah, sedjen djeung noe dihakan koe koela basa ti beurang teja. Toeloej sarĕgĕp dadaharannana, indoengna lemek bari seuri: eulis, angeun lada noe dipojok hantjer teja, basa njatoe ti beurang, nja eta; noe matak djadi ngeunah, sabab maneh mĕntas digawe, ngali hoewi djeung moepoe katjang di tĕgal.

Hartina ijeu dongeng: noe daek njabak gawe, lamoen dadaharan sagala ge ngeunah didahar, sabab ponjo.

## 104.

TJI-SOESOE.

**A** ja hidji boedak awewe anak anoe soegih, ngaranna si Samsi, oelin njaba ka pilĕmboeran, eureun dina imah sewa, meuli tjisoesoe satoewoeng djeung roti, dijoek dina djoekoet handapeun kai noe ijoeh, rotina ditjiwitinan diaboeskeun kana tjisoesoe, sarĕgĕp dadaharannana. Aja boedak lalaki miskin nangtoeng deukeut ka noe dadaharan roti, ngaranna si Gopla, bawaning kakoerangan hakan datang ka koeroe, haropak, njeueung nji Samsi dadaharan roti, kabitaean pisan. Ari rek menta, sijeu teu dibere; nji Samsi eukeurna dadaharan roti, geus boga pikir hade, rek mere ka djalma miskin, tatapi teu prak dilakonan, tonggoj ngeunah ngeunah dadaharan bae; barĕng tjisoesoe djeung roti bejak, di djero toewoeng tempong aja toelisna, oenina matak kaget, katjida ngera-ngerana. Toeloej meuli deui tjisoesoe djeung

roti, si Gopla ditjēlokan, sarta dilamisan soepaja daekeun, sarta roti diaboeskeun kana toewoeng tjisoesoe, didaharan koe si Gopla. Ari geus bejak toeloej dibere doewit, omong si Samsi: Ijeu toelis noe aja di toewoeng hade lamoen aja dina piring noe saroegih-soegih, oenina kijeu; *saha noe teu wēlas ka noe miskin, moal toeloej meunang bērkat goesti Allah.*

## 105.

TJAI DJEUNG ROTI.

⑧ esoem patjēklik katjida aja boedak lalaki miskin, oerang pagoenoengan, ngaran si Konta, bērmaen kedjo sakeupeul ka noe soegih-soegih ka kentja-katoehoeeun lēmboerna. Sadjroning lēmboer eta aja anak noe soegih, ngaranna si Kasim, keur dadaharan dibareupeun lawangna, didjadaloekan koe si Konta, pokna: Kawaela njoehoenkeun satjiwit bae. Ki Kasim lēngoes, omongna: Wah geura ngaliwat, aing moal mere ka maneh! Antara sataoen ki Kasim leumpang ka pigoenoengan, nejangan ēmbena, asroek-asroekan, mangsa harita menggret pisan panasna panon powe, ki Kasim halabhab katjida, nēpi ka toehoereun, tatapi teu manggih pantjoeran, toengtoengna nendjo si Konta keur ngangon ēmbe, dijoeck dina handapeun kai ijoeh, ngagigirkeun kēndi. Ki Kasim njampeurkeun si Konta, omong ki Kasim: Kami menta tjai sarēgot bae. Tembal si Konta: Wah geura ngaliwat kaditoe, kami moal rek mere ka maneh! Ki Kasim seug tjeurik, sarta narima kasalahannana bareto, toeloej menta pangampoera; si Konta gantjang mere tjai dina kēndi, omong si Konta: Kawaela teu boga ali goreng, sak ka pada kaoela, ngawangsoel sotek songong ka sampean, soepaja sampean bae geura ngakoe toemarima jen kaloeloepetan; ari

eta tjai soemangga koe sampean geura leueut, sarta kapajoenna moega-moega sampean oelah rek lali kana paribasa ijeu: saha-saha noe lēngoes ka sasama hiroep, tangtoe dibalēs lēngoes deui.

---

## 108.

ENDOG AHENG.

**K**ijai Dēmang Wira nagara soemping ka sedjen lēmboer, koelém dina pondok sewa, moendoet toewang sangoe, angeun djeung ēndog. Barēng geus tjoemawis, ēndog hidji dibeulah, di djēro aja koekoelar hideung, ēndog sedjen njā kitoc deui. Djélēma di lēmboer eta kabeh sakoer noe nendjo ēndog, pada heran katjida, sarta pada ngomong: Nja aheng eta ēndog teh!

Kijai Dēmang goemoedjēng bae ngadangoe noe mitjatoer ēndog, toeloej mariksa ka noe ngahatoeranan soegoeh: ijeu ēndog beunang meuli ti saha? Hatoerna noe dipariksa: Beunang koering meuli ti anak toekang sapoe ngaran poen Kandoeng. Toeloej si Kandoeng dirawatan, ari geus datang si Kandoeng toeloej dipariksa, saoer kijai Dēmang: Maneh sok maling ēndog teh, karana ijeu geus kabocktian, ari ēndog anoe aing mah moal boeroeng kadongdon, masih dipaling oge, sabab aja tjirina, koekoelar hideung, eta aing noe boga akal kitoe, sabatoer aing mah ēndogna geus ditiroekan koe djaroem bae kabeh. Toeloej si Kandoeng ditangkēp diserenkeun ka paboewen.

Hartina: sapintēra oge maling, hamo hoeroeng katitik tina leuleutikan.

---

## 107.

## OPOR MERI.

**A** ja hidji boedak ngaran si Landoeng, soeka boengah sarta oewar-oewar ka doeloer-doeloerna awewe lalaki, pokna: Powe isoek rijoengan, indoeng ngopor méri, mangke sore bakal njatoe-njatoe ngeunah djeung opor. Baréng geus oesoemna dahar, eta boedak-boedak djeung doeloer-doeloerna kabeh ngarioeng, geus teu sabar ngadagoan asakna opor. Noe keur masak lemek ka boedak-boedak ngarioeng teh: Agoes mangka sabar, saténgah djam deui oge asak opor teh! Baroedak teh bawaning teu salabar, pada tjareurik. Eta noe keur masak boga akal, ngarah repeh noe tjareurik, ngomong: oelah narangis, di loewar eta aja ririwa, lamoen ngadenge boedak tjeurik, toeloej ditjokot. Eta boedak-boedak noe keur tjareurik hanteu sijeuneun disingsijeunan kitoe, anggoer beuki bédas ngagowakna, ngadéngék-déngék, menta opor. Noe keur manggang opor, didjait panggangna, diasongkeun ka panto barina lemek: He gandarwo ijeu tjokot opor! Mangsa harita paréng aja djoeroe-djana di loewareun panto, ngadéndémpes, sédjana rek maling, nendjo opor diatjoengkeun, toeloej ditampanan bari ngomong: Noehoen! Opor ditewak dibawa loempat.

Boedak-boedak ejar patingdaréngék; indoengna datang; baréng njahoeun jen oporna leungit dibawa koe djroedjana, indoengna lemek, pokna: Baroedak, maraneh ajeuna manggih hoekoeman, djalan tina basangkal maneh, peuting ijeu maneh bakal hamo njatoe opor, koedoe njaratoe kedjo woengkoel bae. Toeloej amboe Landoeng mapatahan ka eusi imahna: kami geus rémén pisan lemek ka maneh, tjarek kami oge oelah sok njingsijeunan boedak, sarehna akal maneh teu hade, matak leungit opor, djadi katémpoehan, bajaran maneh bakal ditjangkolong saréga opor.

Hartina ijeu dongeng: boedak basangkal hanteu sabar, rĕmĕn manggih kasoesahan, boedak sabar rĕmĕn manggih kangeunahan.

## 108.

## KITAB PIWOEROEK.

**A**ja istri randa bangsa menak, boemina di pilĕmboeran, djaoelehna ti nagara lalakon sadjam. Kalakoeannana samemeh sare ngaos kitab heula; kitoe loewangna oenggal-oenggal peuting. Ari sahidji mangsa, ti peuting samemeh sare, ngaos kitab, reja eusina woeroek-woeroek djeung dowa-dowa; barĕng rek sare, eta kitab diteundeun dina medja leutik, tapi hanteu dilingkoepkeun. Hanteu lila goeroedoeg aja kareta ti nagara, mapagkeun, reh saderekna di dajeuh hanteu damang walĕs; toeloej menak istri djĕngkar nitih kareta, njandak hidji panakawan awewe, hidji lalaki.

Kitab tinggal moeka bae dina loehoer medja, noe toeng-goe boemi ngan aja hidji nini-nini geus pikoen. Sadjĕngkarna istri randa, aja djoeroedjana rek maling, sabab njahoeun jen boemi kosong, djoeroedjana asoep tina djandela, naekna make taradje, asoep ka pasarean, sakama-kama ngoengkaban barang-barang, milih noe gĕde hargana; djoeroedjana ngadeuleu aja kitab moeka dina loehoer medja leutik, katjaängan koe damar lilin, toeloej dibatja koe ki djoeroedjana, kijeu oenina:

,,He eling-eling: saha-saha noe roemasa bakal manggih pati,,  
 „koedoe oelah ngalampahkeun kagorengan, djeung saha-saha  
 „noe hajang tiis pikir, oelah pisan nijat maling, awalahir  
 „tangtoe kapanggih; hanteu kapanggih di doenja, di aherat  
 „mah angtoe kapanggih bae.”

Oeniœnian kitoe teh djadi ngahadekeun kana ati noe rek maling, djadi teu toeloes barang-tjokotna, toeloej bidjil

ka loewar teu barang-bawa. Ti watĕs harita eta djĕlĕma teu daek maling-maling deui. Barĕngna rek paeh, lalampahan-nana baheula diwangsitkeun ka anak-anakna, bari dititah ngabakti ka goesti Allah.

## 109.

## NOE NJALIN ADAT.

**A** goes Koesen bapana beunghar, djadi sakarĕp-karĕpna ki Koesen ditoeroetkeun bae. Tina bawaning katjida pangalĕmna, datang ka matak ngaloendjak, ogoan. Tapi ki Koesen keur boedak keneh, kaberoe bapana maot, djadi ki Koesen sanggeus jatim, tjitjing di pamanna, doeloer indoengna, aja di pilĕmboeran matoehna. Ari tadina sok dahar ngeunah, ajeuna mah dahar saloembrahna bae, ari di dajeuh oenggal-oenggal peuting reja noe soekan-soekan, ari di pilĕmboeran sore-sore geus salasarean, hoedangna isoek-isoek. Ki Koesen keur anjar mah ngaroemas katjida koe panata oerang lĕmboer. Barĕng geus lawas mah njaho kana noe pimatakeun djadi kahadean, tadina ki Koesen gĕringan, oelatna pijas djeung rĕmĕn tatamba, barĕng geus djeung pamanna, ttagĕr sarta rosa; noe matak rĕmĕn ngomong kijeu: Bĕnĕr paman ngangaran tiloe pĕrkara noe matak djadi kahadean hiroep, nja eta daek digawe, tĕmĕn-wĕkĕl, kira-kira djeung prajoga.

## 110.

## PANON-POWE.

**E**idji powe mangsa ngidjih, aja boedak awewe, ngaran nji Misah, ngomong pokna: Panon powe teh nahu moen tempong, soepaja tjaăng oelah haleumheum teuing, panĕdana

nji Misah kaparēng laksana, něpi ka lawas teu hoedjan. hoedjan, panas bangēt pisan, matak roeksak pěpělakan, di sawah di tēgal, malah pěpělakan nji Misah, kěkěmbangan aloem kabeh.

Indoengna lemek: Misah ajeuna kanjaho maneh geus tetela, jen hoedjan djeung panas eta saroewa pěrloena. Moenggoeh manoesa nja kitoe keneh, lamoen manggih kasěnangan bae, teu pisan manggih kasoesah, sok teu hade toengtoengna, sabab oemat eta hade kasorang koe sangsara djeung koe balai, soepaja djadi kaslamětan.

Hartina ijeu dongeng: kěrsaning Allah noeroenkeun hoc-djan, ngajakeun panas bangēt, ngagandjar salamět atawa ngagandjar balai, eta kabeh leuwih hade, teu beunang ditjawad koe manoesa.

### 111.

#### PANTJOERAN.

**⑧** eseom panas bangēt, boedak lalaki ngaranna si Pahing leumpang ka sawah, beungeutna beureum kapanasan, bawaning halabhab, letahna datang ka rapēt kana lalangit. Toeloej manggih pantjoeran di handapeun tangkal gajam, tjaina leuwih herang; si Pahing gantjang nginoem. Bawanning tiis tjai sarta karejaän teuing nginoemna, něpi ka kapaehan. Ari datang ka imahna, toeloej bae gěring moeriang; omongna: Saha noe njana jen pantjoeran tjaina herang, tapi di eusi baroewang? Bapana lemek: Pahing djalan maneh gěring teh lain tina tjai pantjoeran, těgësna tina koerang akal djeung koerang doega-doega maneh bae.

Hartina ijeu dongeng: roepa noe matak kabita, eta reja noe matak ngaleungitkeun kira-kira, těmahna djadi tjilaka.

## 112.

HOEWI BOLED.

**A** ja djélèma miskin oerang lémboer, di këbonna mélak hoewi; baréng dikali, manggih hoewi leuwih gëde sahidji, matak kaget anoe reja, omong oerang lémboer teh: Ijeu hoewi oerang hatoerkeun ka djoeragan Démang bae, mowande boengaheun, karana kijai Démang tangtoe boengah-eun ningali rahajatna gëtol, oerang meureun dilahirkeun djélèma daekan makaja, njawah, ngëbon.

Toeloej hoewi teh dibaktikeun ka kijai Démang, kijai Démang atoheun sarta noe bakti hoewi teh dipoedji daekan makaja, sarta dilahirkeun hade atina, dipaparin doewit saroepija.

Di lémboer eta aja noe soegih, tatapi katjida pisan tjérédik-na, ngadenge bedja jen oerang lémboer aja noe bakti hoewi sahidji ka kijai Démang, dipuelang doewit saroepija; tjeuk noe soegih teh: Ari kitoe mah, kami oge rek bakti hidji anak sapi noe aloes, noe seba hoewi hidji dileler doewit saroepija, kami mah komo, meureun tampa gëde katjida, sabab ngabaktian anak sapi aloes. Toeloej anak sapi teh disanggakeun ka kijai Démang, tatapi kijai Démang teu samar, sababna noe matak bakti, eta djélèma tjétjél tjérédik ngadak-ngadak ngawawoehkeun maneh, hajang loma djeung kami, tangtoe aja pangarahna.

Kijai Démang teu kërsaeun dibaktian sapi, noe soegih teh ngadésék-désék koe hajangeun katampa pangbaktina, kijai Démang ngawangsoel ka noe bakti sapi teh, saoer kijai Démang: Ari keukenh mah hajang ditampa koe aing, seg ditampa koe aing, sapelah maneh hajang loma ka kami, kami nja kitoe deui bakal loma djeung maneh, ajeuna maneh rek digandjar, gëde manan harga sapi teja gandjaran ti kami, kira tikél tiloe lobana harga gandjaran. Baréng

geus njaoer kitoe, kijai Děmang toeloej masihkeun hoewi noe gěde teja sahidji, itoengan noe kasěboet gandjaran. Noe soegih teh kaget katjida sarta handjakaleun katjida, teu njana kitoe pamœlangna.

Hartina ijeu dongeng: djélëma noe hade atina moal kosong manggih gandjarañ, djélëma gěde teuing pangarah, soepaja oentoeng maneh bae, loewangna sok manggih roegi sarta era.

### 113.

KOBIS.

**A** ja toekang bas doewa, ngaranna Dora djeung Sěmbada, reudjeung leumpangna, ngaliwat kěbon sajoeran. Sěmbada ngomong, pokna: Kang Dora tjoba tendjo ſtoe kobis, nja montok nja aloes. Si Dora hajangeun kobis teh, barina lemek: Eta kobis tjarek kaoela mah tatjan kasěboet gěde, waktoe koela leumpañg kamari ijeu, manggih kobis hidji, gědena ngoengkoelan eta imah leutik, anoe nangtoeng tengah kěbon.

Tjarek ki Sěmbada: Omongan matak heran katjida, aja kobis sagěde imah; tapi koela oge kamari ngabantoean anoe njieun kantjah panggodagan, gědena sagěde masigit. Si Dora nanjakeun kantjah sagěde masdjid paranti naon? Ki Sěmbada ngawangsoel: Paranti ngagodog kobis, noe koe maneh diomongkeun kobis sagěde imah teja. Si Dora ngomongna sěmoe era, pokna: Ajeuna koela geus ngarti pigaleuheun. Ki Sěmbada, sasarina ari ngomong sok saěnjana bae, behna mah njaritakeun aja kantjah sagěde masigit teh, heureuj bae, bari ngawěwěleh ka koela, koela ajeuna geus tampa pamalës rahoel: „samborong tjek pari-basa, „saha-saha noe teu boga kaera, geura ngalakoekueun bohong, „ari hasilna dipikageuleuh koe djélëma djeung diseung-seurikeun, koela ajeuna kapok.

## 114.

## PEPENDEMAN.

**A** ja doewa "djélëma oerang pilëmboeran," ngadeuheus ka hoekoem, njoehoenkeun bëbënëran adil, tjatoerna noe hidji: Poerwana koering ngadeuheus, meuli pakarangan ti ijeu tatangga koering, barëng diotjek taneuhna, manggih pëpëndëman, asa tatjan kenging dipiboga koe koering, sabab akadna meuli soteh koering mah taneuh djeung pëpëlakan bae.

Hatoerannana tatanggana: Nadjan koering teu ngadjoeal pëpëndëman, sabab lain anoe koering, ngadjoeal soteh këbon bae, sarta teu roemasa ngaroewang babandaän teh, noe mawi tëtëp hanteu gadoeh milik miboga eta pëpëndëman.

Saoer hoekoem pangadilan: Kijeu hoekoemannana, maneh bebesanan bae, noe ngadjoeal këbon djeung noe meuli, eta pëdënpëman bahankeun ka anak manek doewanana. Doewanana geus soemoehoen ka timbalan hoekoem, toeloej pada balik, rek ngalampahkeun satimbalan hoekoem, sarta pada boengah-boengah doewanana.

Ati bersih eta taja tjetjadna sarta matak meunang noe-graha di sawarga.

---

Ijeu panganggeusan dongeng noe di loehoer teja: Kala mangsa moetoes bëbënëran teja, keur aja oerang nagara sedjen, parëng aja di paseban, katjida heranna ngadangoekeun tjatoerna djélëma doeua, omongna: Tjoba lamoen di nagara kawoela mah, lain kitoe pibënëreunnana, sedjen katjida tëtërapna: noe meuli moal ingët pisan nembongkeun pëpëndëman teh, malah noe nimoe teh katjida njoempoekeunnana, soepama teu disidëmkeun, tangtoe noe ngadjoeal teh ngagoegat ka noe meuli lëmah, soepaja pëpëndëmannana kamilikkeun ka manehna, tapi waragadna prakara leuwih tina rëga pëpëndëman teja, ditjokot oesoer djeung sedjen waragad-waragad.

Menak noe njepeng běběněran ngareungeu omong semali ti sedjen nagara, toeloej mariksa ka noe ngomong teh, saoerna: Di nagara maneh koemaha aja srēngenge? Wangsoelannana: Soemoehoen aja. Menak noe njepeng adil mariksa deui: Di nagara maneh hoedjan? Soemoehoen aja. Menak noe njepeng adil teh, ngalahir: Nja aheng, di nagara maneh aja ēmbe djeung sapi? Wangsoelannana: Soemoehoen aja. Toeloej njaoer deui menak teh: Noe dipaparin koe Goesti Allah, tjahja srēngenge djeung hoedjan teh, lain maparin ka manoesa di nagara maneh mah, nja eta maparin ka hewan, ana kitoe mah, djalmana teu meunang dipasihan kabeh oge.

Hartina ijeu dongeng: nagara noe kaleungitan koe ka-oetamaän djeung běněr, sapapandjangna moal manggih kasa-lamětan djeung kaberkatan, samangsa menakna hanteu adil, tangloe roentang-ranting dajeuhna.

## 115.

### PAKARANGAN.

**A**ja hidji djalma boga anak tiloe, baréng ēnggeus deukeut kana maot, lemek ka anak-anakna, pokna: Agoes, la-moen bapa geus něpi ka adjal, teu aja pisan tittinggal keur maraneh, ngan ijeu saoeng katoet pakarangannana; tapi sadjro pakarangan ijeu aja pěpěnděman radja brana; kali mangka gěmět soepaja kapanggih. Baréng bapana geus maot, eta anakna tiloeannana gětol matjoel dikěbon, ditoegaran sa-lěgana pakarangan, tapi teu manggih ali-ali atjan, taja ēmas taja perak.

Sanggeusna dipatjoel djeung dikali, tatangkalannaua marontok kabeh sarta boeahna laleubeut meuhpeuj, ngoengkoelan samemeh dipatjoelan, sapeloeh kali nikěl. Boedak noe tiloe ingět kana omong bapana bareto, behna mah noe dibasaän radja brana teh katjoekolan, pěpělakan kabeh djadi radjabrana.

Hartina ijeu dongeng: loembrahna djalma daekannana koedoe dibibitaän koe radja brana, geus tetela pěpělakan teh hadena koedoe diome taneuhna, oelah bala, lamoen teuas taneuhna, koedoe diome diboelak-balik.

## 116.

### MANOEK.

**A** ja hidji lémboer, pakarangannana dikoeběng koe pagěr. Keur mangsana tatangkalannana oesoem kěmbangan, seungitna kěmbang kaämbeu kaloewar, sarta reja manoek warna-warna noe njeuseupan kěmbang salěganing pakarangan eta. Keur oesoem boewahan boewah kaweni, ramboetan, doekoe, sagala bochoewahan leubeut datang ka gemplek. Barěng hoedak pilémboeran sok daek ngala manoek, disoempitan djeung diala sajangna, lawas-lawas beuki tjarang manoekna, toengtoengna boedal kabeh manoekna, sijeunneun disoempitan, taja hidji-hidji atjan dina pakarangan eta, datang ka geus teu kadenge sora-sorana atjan. Sanggeusing kitoe hileud mětjah, napoek di oenggal tatangkalan, datang ka reja noe paeh tangkalna, noe hiroep hanteu daekeun boewahan, daoenna rigil dihakan hileud; ari keur loba manoek didinja taja hileud, sabab bejak dihakanan koe manoek.

Hartina dongeng ijeu: oelah gantjang noempoerkeun sato-sato, noe dikira djadi hama, bisi djadi tambah hama noe leuwih goreng ti batan eta; koedoe pikir heula pitěmaheunnana. Tjara eta tjaladi djeung beker, geus tetela ngahakanan hileud di sawah sěrta hileud tatangkalan, lamoen diroeksak eta manoek, sasat ngaroeksak diri pribadi.



annana  
gelakan  
lamoen

paper.  
ngan,  
anoek  
angan  
etan,  
plek.  
oem-  
ma-  
neun  
eta,  
sing  
ang  
eun  
bek

lo-  
oe  
n-  
nl  
•





